ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№43 (23.701) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 31, щэбэт ● И уасэр зы тумэнщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр 2018 гъэм илъэс 25-рэ зэрырикъум къыхэкІыу **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет убзыхун икІи абы хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ лэжьыпхъэхэм я план зэхилъхьэу къищтэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щЫпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ящыгуу гуфІэгъуэ Іуэхухэм зыхуэгъэхъэзырынымрэ ахэр егъэкІуэкІынымрэ къызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын гуфІэгъуэ Іуэхухэр зэрекІуэкІыр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм къагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

4. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№27-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №27-УГ-мкІэ къиштащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым

хэтхэр

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІыр, зэгурыІуауэ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщым и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ ІыР *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Алэкъэй А. М. - Налшык къалэ округым и щЫналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Алътуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Афэщіагъуэ М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Бештокъуэ Ж.-А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэхмкІэ и министрыр

Битокъу В. М. - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал Іуэхущ Іапі эм и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телерадиокомпанием» и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Дзэмыхъ Къ. ФІ. - «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ Іапі эм и къудамэм - Гуманитар къхэутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм и Іуэхухэмкіэ и министрыр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Залиханов Къ. Хь.-У. Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов Б. М. - Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэр зезыгъакІуэр

Кансаевэ Е. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Регламентымкіэ, депутат щэнхабзэмкіэ, Парламентым и лэжьыгъэ зэгъэуІуэнымкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэщым и къуэдзэр

Карныш С. А. - Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я Профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ комитетым и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Рахаев А. И. - «Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэр *(зэгурыІуауэ)*

Фочыщ Іэ Н. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Щоджэн Ш. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив кІулыкъущ Іапі эм и унафэщІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыху щхьэхуэхэмрэ социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэмрэ нэхъ мащІэ дыдэу къэзыгъэпсэуфыну мардэр 2017 гъэм и IV кварталым щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м №30-ПП ***Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ мащІэ дыдэу къыщызыгъэпсэуфыну мардэм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-Р3-м и 3-нэ статьям и 1 Іыхьэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуам тету, 2017 гъэм и IV кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ мащІэ дыдэу къыщызыгъэпсэуфыну мардэу щыгъэувын зы цІыхум тещІыхьауэ сом 10140-рэ, лэжьыгъэ езыхэхьыфхэм - сом 10553-рэ, пенсионерхэм - сом 8019-рэ, сабийхэм - сом 10707-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І

МУСУКОВ Алий

Зиужьын папщІэ зыхуэныкъуэр мащІэкъым

● КЪБР-м и Парламентым

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым деж щІэ Чэнджэщакіуэ советым хэтхэр иджыблагъ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым аллергологие Іэнатіэм епхауэ иІэ екъулІэныгъэхэмрэ къэрал гуІэхитэ зыгъэуТыпхъэу къьанэхэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым епха ветеран зэгуХэныгъэм и лІыкІуэхэр, депутатхэр. Абы кІрагъэблагъат аллергологие Іэнатіэр къызэгъэпэщыным зи гущІэ хэзылъхьа, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Хутуевэ Светланэ**, нэгъуэщІхэри.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ аллергие узыфэ зэхуэмыдэхэр яІэу КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм Аллергологиемкіэ и центрыр сымаджэ мин 72-м зэракІэлъыплъыр. КЪБР-м и Правительствэм мы Іуэхум и нэІэ тригъэтщ, Къэпщтэмэ, 2015 - 2017 гъэхэм республикэ бюджетым къыхэкІ ахъшэкІэ къащэхуащ тхьэмбылым жьы зэрагъакІуэ Іэмэпсымэ мини 2-м нэблагъэ. А Іуэхум сом мелуани 9 текІуэдащ. ІэщагъэлІхэм къызэрыхагъэщымкІэ, ар сэбэп хъуащ сымаджэщым ягъэгъэлъхэм я бжыгъэр хуэдитІым нэскІэ ягъэмэщІэнымкІэ. Къэбгъэльагъуэмэ, узыфэр хэтІэсауэ зиІэ цІыху 556-м щыщу сымаджэщым ягъэгъэлъыр 315-м нагъэсащ, ижьырей ильэситым аллергием зыри иЛыкІакъым.

- Аллергологиемкіэ Іэнатіэм аллергие узыфэ зэмылІэужьыгуэхэр къызэрахутэ Іэмалхэр къигъэЛырыщІащ. Арщхьэкіэ абы и зыужьныныгъэм лъэпощхьэпо хуэхъу Іуэхухэр иджыри щыІэщ. Псом япэу къыхэгъэщыпхъэр Іуэхущ Іапі эм къыхуаутІыпщ ахъшэр зэрымащІэрыц. Псалъэм папщІэ, хуэдитІ кІэрыдгъэхуащ хущхъуэ зэттым хуей сымаджэхэм я бжыгъэм. КъищынэмыщІауэ, Іуэхущ Іапі эр хуэныкъуэщ медицинэ Іэмэпсымэщ Іэхэм. Абы къыхэкІыу ди зэІущІэм и мурад нэхъыщхьэу щытым хуейр зи гугъу тщІы Іуэхухэм я хэкІыпІэр къэгъэльэгъуэныр ахэр зэрагъэзащІэм ди нэІэ тедгъэтынымрэщ, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм Аллергологиемкіэ и центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Щоджэн Мадинэ** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ дуней псом тхьэмбылт астмэр зиІэ цІыху мелуан 300-рэ нэгъуэщІ аллергие узыфэ зиІэ сымаджэ мелуан 800-рэ зэрытетыр. Европэм тхьэмбыл астмэм ирисымаджэхэр ягъэхъуэжыным еврэ мелард 18 трегъэкІуадэ, США-м - доллар мелард 20. Арщхьэкіэ лэжьэфыну ныбжьым иту астмэрэ нэгъуэщІ аллергие узыфэрэ зиІэхэм ящыщу абы ныкъуэдыкъуэ ищыІм е илыкІым я бжыгъэр иджыри инщ.

- 1970 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым аллергологиемкіэ зы кабинет къыщызэІуахауэ щытащ. Мы зэманым ар Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ хъуащ икІи абы щагъэхъуж Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгуэхэм къикІ сымаджэхэр, - жиІащ Щоджэн Мадинэ. - Ди Іуэхущ Іапі эм зэфІегъэкІ узыфэр зэхэгъэкІыным щегъэжьауэ ар гъэхъужьным нэсыху пыщІа лэжьыгъэ псори. Сымаджэхэм папщІэ гъэзэлъыпІи 120-рэ диІэщ. Аллергиер къэтхутэн щхьэкІэ иммунокап, молекулярнэ Іэмалхэр къыдогъэсэбэп. Иужьрейм пэж дыдэу къехутэ аллергиер сымаджэм сыт щыгъуи иІэнрэ зэман дэкІмэ хэкІыжьынрэ.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкІэ, ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ фондым ильэситІ хъуауэ Аллергологиемкіэ центрым Іэмал кърет сымаджэ 300-м я узыншагъэр полискіэ кьахутэну. 2018 гъэм а бжыгъэр 500-м нагъэсынущ.

Щоджэныр къытеувыІащ я Іуэхущ Іапі эм и кІудамэу Іуащхьэмахуэ льпалэ щыІэм и лэжьыгъэм. Абы зэуэ цІыху 30-м щыкІэлъыплъыфынущ. 2014 гъэм къыщыщІэдзауэ 2017 гъэ пщІондэ абы я узыншагъэр щрагъэфІэкІуащ сымаджэ 1900-м нэблагъэм.

- 2016 гъэм Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэр къызэригъэпэщын папщІэ сом мелуан 56,9-рэ къыхуаутІыпщащ, ауэ 2017 гъэм ар нэхъ мащІэ хъуащ – сом мелуан 46,6-рэ. Абы щыгуэми, и кьалэнхэм пэлъэщын щхьэкІэ центрым сом мелуан 63,6-рэ иІэн хуейщ. Іуэхущ Іапі эм 2017 гъэм и щакІуэгъуэм ирихьэлІэу телъа ахъшэ щІыхуэр сом мелуани 2-м щІегъу, - дыщІигъуащ Щоджэн Мадинэ.

Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ Іуэхущ Іапі эр иджырей мардэм тет Іэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм зэрыхуэныкъуэм, Іэнатіэм аллергологием къищынэмыщІа, иммунологие и Іэныкъуэкіи зэрызегъэужьыпхъэм, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм и кІэм КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым деж щыІэ Чэнджэщакіуэ советым хэтхэм ягъэбелджылыу 2018 гъэм зэлэжьынур.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ябзыщ Іи тхылъ нэпцІхэр яти хъунукъым



● ЗэІущІэхэр

Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм щызэхэтащ муниципальнэ къулыкъущІэхэмрэ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэмрэ я хэхъуэхэмрэ зэхэщІэнымрэ, я мылъкур зыхуэдизым щыхьэт техьуэ хъыбархэр фІэкІыпІэ имыІэу хэІущІыну ящыІ эм зэрыхуейм техуха зэІущІэ.

АБЫ И ЛЭЖЬЫГЪЭМ хэтащ Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, прокурорым и къуэдзэ Къардэн Валерий, щІыпІэ самоуправленэмкІэ Советым и унафэщІым и къуэдзэ Ахъуэбэч Андзор, муниципальнэ лэжьакІуэхэр.

Къызэхуэсахэм гурагъэІуащ декларацэхэр тэмэму зэратхыну щыкІэр, мы Іэнатіэм щызекІуэ хабзэм щІэуэ хальхьахэр, зи гугъу тщІы хъыбархэр къызэрамыгъэльагъуэм е пцІыуэ къызэрагъэлъагъуэм папщІэ яхьыну жэуапхэр зыхуэдэр.

ЗэІущІэм щыжаІащ ябгъэдэлъ мылъкур зыхуэдизым техуха хъыбархэр фІэкІыпІэ имыІэу хэІущІыну ящыІму зэракъалэнхэр.

Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

КІапсэ гъуэгухэр щызэпкъралъхьэну урысей-франджы Іуэхущ Іапі э Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэІухыным теухуа зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэным яужь йохьэ

«Сочэ-2018» Урысей инвестицэ зэхуэсышхуэм, КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зыхэтам, хиубыдэу «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэухупІэхэр» акционер зэгухьэныгъэмрэ Франджым щыщ РОМА S.A.S компаниемрэ мазаем и 15-м Іэ традзауэ щытащ «Лъэпкъ кІапсэ гъуэгухэр» урысей-франджы Іуэхущ Іапі э къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Абы ипкъ иткІэ, зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр щызэфІагъэкІыну, Іуэхущ Іапі эщІэм и лэжьыгъэр щызэтраублэну щыпІэу къыхахащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. «Севкаврентген-Д» заводым къыщызэрагъэпэщакІэщ кІапсэ гъуэгухэр зэпхэрыпхьэным щІадзэн папщІэ зыхуеину псори. ЗэфІагъэкІащ къызэгъэпэщыныгъэ-правовой, техникэ, мылъку-экономикэ я лъэныкъуэкІэ абы пыщІа Іуэхухэр.

КІапсэ гъуэгухэр къэгупсысыным, щІыным, ахэр къыщІэупщІэхэм яхуегъэшэным, абыхэм я лэжьэкІэм кІэлъыплъным, хуей хъумэ, зэгъэпэщыжным зи лэжьыгъэр теухуахэм ящыщу дунейм щынэхъ цІэрыІуэ компаниехэм хабжэ «Рома»-р. А компанием и технологиехэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къагъэсэбэнурэ дуней псом кІапсэ гъуэгу минийм щІигъу щаухуащ. Урысейм «РОМА» компанием и технологиер и лъабжьэу 2000 - 2013 гъэхэм щаухуащ гъуэгу 41-рэ.

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм къитахэм ялкъ иткІэ КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм игъэхъэзыращ.

Сэгъуэм щІадзэ

● Гъавэ-2018

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэр яужь ихьащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм. Абыхэм гъавэр щащІэну къапэщытщ гектар мин 247,7-м. Ар нэгъабэрей бжыгъэм ебгъапщэмэ, процент 107-рэ мэхъу.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, мэкъумэшыщІэхэр нэсу къызэгъэпэщащ жьлэкІи, щыгъэпшэрхэмкІи, гъэсныпхъэкІи. ЩЫпІэрыс гуэдзыр зыхаса гектар мин 12-м щыгъэпшэрхэр халъхьащ (2017 гъэм и иджы хуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 104-рэ мэхъу).

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Нэхъри ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ

● ЗыгъэпсэхупІэхэр

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м 2018 гъэм и мазаемрэ гъатхэпэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсым и «Архъыз», Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Іуащхьэмахуэ» урысейпсо туристрекреацэ комплексхэм лъэныкъуэ псори къызэщІэзыІубыдэ маркетинг къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІащ. Мурадыр хуэгъэзащ а курортхэм къакІуэ цІыхухэр арэзы зэращІыфыр ягъэбелджылынымкІэ.

«БГЫ-ЛЫЖЬ курортхэм зыщІызыгъэпсэхухэм зэрадэлажьэ Іэмал нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ уващ зэдэщІыр къаззрыщІыхъум теухуауэ абыхэм еупщІыныр. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр бгы-лыжь лъэхъэнищ хъуауэ щыдогъэкІуэкІ «Архъыз», «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексхэм. Іуэхум кІэдошаІэ кІэдыдэлажьэ Іуэхущ Іапі эхэри. Мы гъэм хъыбархэр зэхуэзыхьэсыр ди компаниемрэ маркетинг, аналитикэ Іэнатіэхэм я ІэщагъэлъэІэрщ», - къыхигъащащ АО-м и унафэщІ **ТІымыжь Хьэсэн**.

Ирагъэкіуэкіа маркетинг къэхупщытэныгъэхэр щІэгъэкъуэн хъунущ Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм къахуеблагъэхэр зыщыщ и лъэныкъуэкІэ хэт сымэми гъэнэІуэнымкІэ, абыхэм ди курортхэр къыщІыхахым и щхьэусыгъуэхэр гъэбелджылынымкІэ.

«ГъащІэм къигъэлъэгъуащ ди бжыгъэ зы илъэс кьэмынэу къакІуэхэр зэрыщыІэри, туристхэм я бжыгъэр кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъури, ахэр къызэдикІ щыпІэхэм зэрызаубгъури. КъакІуэхэр ди деж щагъуэтыну зыщыгугъэхэми зыпэплъэхэми зэхъуэкІынигъэхэр ягъуэт. Абы къыхэкІыуи, лыжь кьежэхьапІэщІэхэр, щыІэхэм ефІакІыжхэр, къызэдгъэпэщыну ди кьалэнщ. Ди курортхэм я ухуэкІэри дяпэкІэ я зыужьыкІэри аращ зытеухуауэ щытыпхъэр», - кьыпищащ и псалъэм Тымыжь Хьэсэн.

Къэпщытэныгъэхэм кІэрикІуаехэмрэ хьэщІэхэм къыхалъхьаахэмрэ щьхэпльэжьынущ «Архъыз», «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексхэм. Мурад нэхъыщхьэр хуэгъэзащ туристхэм яхуэтщІэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъэр хэгъэхъуэным. Ди деж къакІуэхэр, бгы лыжэхэмкІэ къызэрыщажьхьым и мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи зыщагъэпсэхуфу щытын хуейщ, етІуанэуи ещанэуи кьытрагъэззэжьын хуэдэу», - жиІащ кІэуахы Тымыжьым.

Къэпщытэныгъэр щеКІуэкІа мазитІым къриубыдэу, Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми къикІыу Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм къэкІуа хьэщІэ миным щІигъум анкетэ щІыкІэу зэхалъхьа упщІэхэмкІэ зыкуагъэзащ. Абыхэм кърикІуахэр мэлыжьыхьым и пэщІэдзэм зэхалъхьажьынущ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ Іэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр 2018 гъэм илъэс 25-рэ зэрырикъум къыхэкІыу **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет убзыхун икІи абы хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ лэжьыпхъэхэм я план зэхилъхьэу къищтэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щЫпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ящыгуу гуфІэгъуэ Іуэхухэм зыхуэгъэхъэзырынымрэ ахэр егъэкІуэкІынымрэ къызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын гуфІэгъуэ Іуэхухэр зэрекІуэкІыр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм къагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

4. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№27-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №27-УГ-мкІэ къиштащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым

хэтхэр

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІыр, зэгурыІуауэ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщым и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ ІыР *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Алэкъэй А. М. - Налшык къалэ округым и щЫналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Алътуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Афэщіагъуэ М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Бештокъуэ Ж.-А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэхмкІэ и министрыр

Битокъу В. М. - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал Іуэхущ Іапі эм и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телерадиокомпанием» и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Дзэмыхъ Къ. ФІ. - «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ Іапі эм и къудамэм - Гуманитар къхэутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм и Іуэхухэмкіэ и министрыр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Залиханов Къ. Хь.-У. Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов Б. М. - Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэр зезыгъакІуэр

Кансаевэ Е. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Регламентымкіэ, депутат щэнхабзэмкіэ, Парламентым и лэжьыгъэ зэгъэуІуэнымкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэщым и къуэдзэр

Карныш С. А. - Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я Профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ комитетым и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Рахаев А. И. - «Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэр *(зэгурыІуауэ)*

Фочыщ Іэ Н. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Щоджэн Ш. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив кІулыкъущ Іапі эм и унафэщІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыху щхьэхуэхэмрэ социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэмрэ нэхъ мащІэ дыдэу къэзыгъэпсэуфыну мардэр 2017 гъэм и IV кварталым щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м №30-ПП ***Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ мащІэ дыдэу къыщызыгъэпсэуфыну мардэм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-Р3-м и 3-нэ статьям и 1 Іыхьэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуам тету, 2017 гъэм и IV кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ мащІэ дыдэу къыщызыгъэпсэуфыну мардэу щыгъэувын зы цІыхум тещІыхьауэ сом 10140-рэ, лэжьыгъэ езыхэхьыфхэм - сом 10553-рэ, пенсионерхэм - сом 8019-рэ, сабийхэм - сом 10707-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ І

МУСУКОВ Алий

● Узыншагъэ

ІэнатІэр йофІакІуэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іэныгущ1ал1эм хъыбар къызэрыдигъэщ1амкІэ, Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэм щ1 еІэзэ и щ1ынал1э центрым нейронавигацие І9мэпсымэр къ9щ1агъэсэбэпын щ1адзащ, І9щ1агъэл1хэм абы теухуауэ мастер-классхэр драгъэкІуэкІащ.

ЗИ ЩХЬЭ куцІым шыкъыр хэт сымаджитІым еІзэащ мы І9мэпсымэмкІэ. Операцэхэр хъарзынэу зэфІэкІащ.

«Нейронавигацием операцэр щІэбдзэным и пэ узэІуСэн хуей щІыпІэр щІыуагъэшІэу еубзыху. Абы и фІы-гъэкІэ щхьэ куцІым и щІыткІэр къыбощІэ, операцэм къриклуэнуми щІыгъуазэ ухуохьу, - жиІащ Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ щІыналъэ центрым и унафэщІ Сыуэкей Заур. - Апхуэдэу І9мэпсымэм І9мал кьыдет неврологие узыфэхэр хэмытІасэ щІыкІэ къэтхутэну».

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Хъубий Марат къыхигъэщащ Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ центрыр І9мэпсымэмкІэ фІыуэ къыІэзэрызэгъэпэщащ, зыпэрыт Іуэхум хэзыщІыкІ І9щ1агъал1хэр зэраІэр, кІуэ пэтми зэрызаужьыр, щІэуэ къежьэр къагъэсэбэпурэ.

«Нейронавигацие І9мэпсымэр І9натІэм къызэрыщ1агъэсэбэп зэрыхъуэм І9мал кьыдет федеральнэ клиникэм щ1ыхущІэ І9эхутхьэбзэ-хэм хуэдэ Лъынхуэ узыфэхэм щеІэзэ центрым ди щІыхуэмэ щагъуэтыныкмкІэ», - жиІащ министрым.

ТХЬЭХУЩІНЭ Ланэ.

● Егъэджэныгъэ

Къэпщытэныгъэм и І9малыщІэхэр

КъБКъУ-м и Педагогикэ колледжыр мы гъэм къ9зыух ныбжьыщІэ 60-р мы махуэхэм хэтащ WorldskillsRussia дунейпсо мардэм хуэкІуэ къэпщытэныгъэм. Университетым и пресс-І9натІэм и лэжьакІуэ І9пщэ Иннэ хьыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, экзаменхэр къызыхуэтыншу зэфІэкІащ.

«Класс унафэщІ» предметымкІэ екІуэкІа къэпщытэныгъэм лэжьыгъ1щ къызэщІиубыдэрт: уи зэфІэкІэр къыщыгъэлъэгъуэ портфолиор утыку къихьэнырэ, къызэхуэсахэр абы щыгъуазэ щІынырэ; гупым узэрыдэлэжьэфыр нАуэ къэщІынырэ; гупыр зэрыхуэ щытыкІэ пыухыкІам хэкІыпІэ екІу къыхуэгъуэтынырэ. Экзаменыр сыхьэтитІкІэ екІуэкІащ. ЕгъэджакІуэ І9щІагъэм ирилэжьэну ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэр кІыпщыгъащ абы папщІэ къызэрагъэпэща гуп щхьэхуэм. Абы хэтащ ешы ещанІэ нэхъыщхьэм и І9щІагъэлІхэмрэ Налшык дэт курыт школ-хэм я методист пашэхэмрэ.

Педколледжым и егъэджакІуэ Кузьменкэ Людмилэ зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр иджыри гъэунэхуныгъэ пщалъэм иту екІуэкІыу аращ. «Хуэбгъэфащэ зэрыхъунымкІэ, етІанэгъэ къыщыщІадзауэ я І9малыр хагъэхьэнущ къэрал егъэджэныгъэ стандартым иКІи экзаменхэр а щ1ыкІэм тету ирагъэкІуэкІынущ», - къыхиГъэщащ абы.

WorldskillsRussia дунейпсо мардэм тет къэпщытэныгъэр УФ-м и Президен Путин Владимир и унафэм тету къыхалъхьауэ щытащ 2017 гъэм и щІышылэ мазэм. А экзаменыр ятынущ бакалавриатым, СПО-м щеджэ студентхэм. Абыхэм къарикІуэхэр иралъхьэнущ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и хъыбарыпІэ базэм. І9натІэ зэмыл1эужьыгъуэхэм я унафэщІхэм І9щІагъэл1 ныбжьыщІэхэр І9жьапІэ къащтэн ипэкІэ, І9мал я І9нуэ абы бгъэдэлъ зэфІэкІхэм а сайтымкІэ щыгъуазэ зыхуащІыну.

Мы гъэм къэралым и щІыналъэ 52-м гъэнэхунысъэ пщалъэм иту щекІуэкІынну апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм хэтынущ студент мин 30-м щІинГу. Экзаменхэр екІуэкІынущ унэтІыныгъэ 74-кІэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Щ1эблэ

Ар си дежкІэ гукъинэжт

Иджыблагъэ сэ сыхэтащ «2 часа поэзии» республикэ литературэ видеопроектым. Сэ абы зэрымыщІэкІэ сыхьхьакъым. Усэ сыкъеджэну сфІэфІ дыдэщ. Си егъэджакІуэ Багъ Іэсият и фІы-гъэкІэ литературэр, усыгъэр фІыуэ слъэгъуащ, си хъуреягъым щыІэ дахагъэм гу лъыстэу сыкьыдащ. Сэ сощІэ псэльэкІэ щэрыуэ, гъэхуа сиІэныкмкІэ усэ къеджэныр сэбэп кьызэрысхуэхъунур.

Си псалъэхэр схурикъуркъым, зэпеуэм къызита гурыщІэ дахэхэр кърисІуэтэну. Ар къызэзэгъэпэщакэр къытхуэгуапэу, къытхуэгумащІэу апхуэдэхэт, абы къыхэкІыуи си щытыкІэр зэпІэзэрытт, сигурэ си щхьэрэ зэтелт, гукъыдэж хъарзыни сиІэт. Зэхьэзэхуэм хэт псори зэзгъэцІыхунуи сепсэлъылІэныи сыхунэсащ. Щ1ожджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Хъэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ Багъ Иннэ мастер-класс къыддриГэкІуэкІащ, усэ гъэхуауэ дыкъызэрэджэным дыхуигъасэу. Си гугъэщ абы и чэнджэщхэм сытету си зэфІэкІым адэкІи хэзгъэхъуэну.

А махуэр си дежкІэ гукъинэжт. Абы теуха гукъэкІыж дахэр си гум щысхъумэнущ. Иджы сыпоплъэ зэпеуэм кърикІуэхэр къыщыджаІэжьынум. ТекІуэныгъэр зэпІэзэрытт, сигурэ си щхьэрэ зэтелт, гукъыдэж хъарзыни сиІэт. Зэхьэзэхуэм хэт псори зэзгъэцІыхунуи сепсэлъылІэныи сыхунэсащ. Щ1ожджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Хъэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ Багъ Иннэ мастер-класс къыддриГэкІуэкІащ, усэ гъэхуауэ дыкъызэрэджэным дыхуигъасэу. Си гугъэщ абы и чэнджэщхэм сытету си зэфІэкІым адэкІи хэзгъэхъуэну.

А махуэр си дежкІэ гукъинэжт. Абы теуха гукъэкІыж дахэр си гум щысхъумэнущ. Иджы сыпоплъэ зэпеуэм кърикІуэхэр къыщыджаІэжьынум. ТекІуэныгъэр зэпІэзэрытт, сигурэ си щхьэрэ зэтелт, гукъыдэж хъарзыни сиІэт. Зэхьэзэхуэм хэт псори зэзгъэцІыхунуи сепсэлъылІэныи сыхунэсащ. Щ1ожджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Хъэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ Багъ Иннэ мастер-класс къыддриГэкІуэкІащ, усэ гъэхуауэ дыкъызэрэджэным дыхуигъасэу. Си гугъэщ абы и чэнджэщхэм сытету си зэфІэкІым адэкІи хэзгъэхъуэну.

ЧЫРЖЫН Эльмирэ,
Къармэхьэблэ дэт курыт школ №3-м и 3-нэ классым и еджакІуэ.

Я къалэнхэм сыт щыгъуи хуэхьэзырщ

Гъатхэпэм и 27-м я махуэр къэралым щагъэлъэпІащ дзэм къулыкъу щызыщІэхэм, полицэм, Урысей гвардием и федеральнэ къулыкъым я лэжьакІуэхэм. Абы ирихьэлІэу Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ подполковник Сергеев Алексей цІыхубэ хъыбарегъащІэ І9натІэхэм я лЫкІуэхэм яІущІэри я лэжьыгъэм яхутепсэлъыхьащ.

УРЫСЕЙ ГВАРДИЕМ и Управленэу КъБР-м щыІэр къызэрагъэпэщащ 2016 гъэм фокІадэм 30-м. Ар хеубыдэ Урысей гвардием и дзэхэу Кавказ Ищхьэрэм щыІэм. Щ1ынал1э І9эхущІапІэм хохьэ Управленэм и аппаратыр, лицензэ зыт - лэжьэну хуит зыщІ центрыр, СОБР, ОМОН, АОСН, УВО І9натІэхэр.

- Ди махуэщхуэм ирихьэлІэу жысІэфынущ ди І9натІэр зи І9щІагъэм хуэІэижьэжьмкІэ къызэрызэгъэпэщар икІи къыхуагъэува кьалэнхэм ехъулІэныгъэ иІэу зэрыпэлъэщыр, - къыхигъэщащ Сергеев Алексей.

Управленэм и лэжьакІуэхэм щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщІэтыным, жылагъуэ хабзэр хъумэнымрэ жылагъуэ шынагъэуэнагъэр къызэгъэпэщынымрэ епха пщэрыпъхэр пыпхъэншэу ягъэзащІэ.

- Управленэм лицензэ зыт - лэжьэну хуит зыщІ и центрым (ЛРР) къыІэрихьащ къэрал І9эхутхьбзэхэр яхуэщІэным теухуа лъэІу 2500-м щІинГу, абыхэм ящыщу процент 94-р электроннэу. Дэфтэрхэр электроннэу ягъэхьэзырыну І9мал щІэ зэрыхъурэ закъыхуэзыгъаэзэкъ я бжыгъэм хэхъуащ - 2015 гъэм ар мини 5 - 6 хъуэ щытамэ, кьыкІэпхьыкІуэ 2016 гъэм мин 11-м, 2017 гъэм - мин 13-м нэсащ, - жиІащ Сергеевым.

Подполковникым къызэрыхигъащащи, Управленэм и І9натІэ хэхахэм 2018 гъэр къызэрихьэрэ къапщытащ автотранспорт мини 6-м щІинГу, унэ мини 3-м нэблагъэ, цІыху мини 10-м щІинГу. ЩІэпэхьаджагъэ ялэжьауэ шэч хуащІу яубыдащ цІыху 29-рэ, адміністративнэ хабзэм ебэкъуахэу 57-рэ. Къыстрахащ хабзэм кьемызэгъыу ящэ фадэжкІ І9рыщІ иту птутьКІэ мин 40-м нэблагъэ, этил спирт литр мини 5-м щІигъу, І9щІу 30, наркотикхэкІыу грамм 500.

- Ведомствэм щІэмыт І9эхущІапІэм и хъумакІуэ І9натІэхэм я нэІэ тетщ уней ухуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэ мини 7,5-рэ, абы І9мал имыІэу яхъумэн хуейуэ 13 хьыхьу. УВО-м и къудамэхэм я лэжьакІуэхэм яхъумэхэм, ар фэтэрхэу, І9эхущІапІэхэу щрети, щедыгъуэ къэхъуакъым, - жиІащ Сергеевым.

І9эхущІапІэм и ахъурэ нэхъыщхьэу зытеухуар республикэм жылагъуэ хабзэр щыхъумэнырщ, жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ, спорт І9эхуэхэр щекІуэкІ, цІыхухэр зэкІуалІэ щІыпІэхэм хабзэр къыщыІэпемыГэудыныгъэ шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныгъэр.

- Урысей гвардием КъБР-м щыІэ и Управленэр зыхуей псомкІи къызэгъэпэщащ икІи абы и лэжьакІуэхэр сыт хуэдэ зэманми хуэхьэзырщ и къалэн нэхъыщхьэхэр яГъэзэщІэным, - къыхигъэщащ Сергеев Алексей.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтыр
Елькъэн Артур *трихащ.*

● Ди махуэгъэпс

Мэлыжьыхьым и 1-р Бзухэм я дунейпсо махуэщ

Ялэ дыдэу ар гъэлъэпІэн щыщІадзар Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Пенсильвание штатым хьыхьэ Ойлсити къалэ цІыкІуращ. 1894 гъэм абы теухуа жэрдэм къыхилъхьауэ щытащ а щІыпІэм курыт егъэджэныгъэмкІэ и инспектор Бэбкок Чарльз. КъыкІэлъыкІуэ илъэс зыбжанэм я кІуэцІкІэ І9эхум а къэралым и щІыпІэ псоми зыщыубгъуащ.



ССР-м а махуэр гъэлъэпІэн щыщІадзар 1924 гъэращ. Абы иужькІэ ди къэралым и щІыпІэ псоми къыщыунэхуащ бзухэр зыдж щІэныгъэм - орнитологием - дихьэх ныбжьыщІэхэм я зэгуэхьэныгъэхэр.

Тепъыдэржащи, 1999 гъэм Мэскуу къалэ и школакІуэхэм къэлъэтэж бзухэм папщІэ абгуэ Іэрыщу 500-м щІинГу щагъэхьэзырат икІи ахэр мэлыжьыхьым и 1-м абы дэт жыгхэм щыкІэралуПат.

Бзухэм я махуэм ди къэралым и курыт еджапІэхэм, орнитологием дихьэх ныбжьыщІэхэм я зэгуэхьэныгъэхэм къыщыІэзэрагъэпэщ хабзэщ къэкІыгъэхэм, псэущхьэхэм, зэрыщыту къапщтэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъын, гулъытэ хуэщІын зэрыхуейм ехьэлІа зэпеуэхэр, кьинэмыщІ абы хуэдэ І9эхуГъуэхэр. ЦІыкІуэхэр щІыуэпсым хэхаэу яхъумэ и щІыпІэхэм яшэ, зыщрагъэпІъыхь.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Псапэ

Хъумапіэ банкым кемероводэсхэм защІегъакъуэ

Кемеровэ иджыблагъэ къыщыхъуа гуэзвэгъуэшхэм лей къыщыІэзытехьахэм я унагъуэхэм ХъумапІэ банкым защІигъэкъуэнущ, абы кредит къыщІэщІэтхэм ар ящхьэщхьынрэ.

Зэрызыхуагъэзэну телефон номерыр: +7800775-60-26 (жэщи махуи).

КъищынэмыщІауэ, ХъумапІэ банкым унафэ кІыщтащ мафІэсым фэбжь хэзыхьахэм иридзІэпыкъун папщІэ сом мелуан 20 яхуигъэхьыну икІи банкым и лэжьакІуэхэм ахъшэ зэхалъхьэн щІадзащ. ХэкІуэдэхэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгуэзэващ, фэбжь зыгъэтахэм я узыншагъэр зэтеувэжьну ехъэхъуащ.

Лей къызытехьахэм иридзІэпыкъун папщІэ гукъыдэжрэ зэфІэкІрэ зиІэхэм ахъшэ ирагъэхь хъунущ Кемеровэ областым финанс І9эхуэхэмкІэ и управленэ нэхъыщхьэм, мы реквизитхэр къагъэсэбэпу:

ИНН: 4200000630
КПП: 420501001
ОКОНХ 97410
ОКПО 02286354
ОКТМО 32701000
БИК 043207001
Расчетный счет:
44010181040000010007
Отделение Кемерово г. Кемерово
УФК по Кемеровской области (Главное финансове управление Кемеровской области)

БК в поле 104 платежного поручения 855 2 07 02030 02 0018 180

Назначение платежа: «Прочие безвозмездные поступления в бюджеты субъектов Российской Федерации (для оказания материальной помощи пострадавшим в связи с пожаром в ТРЦ «Зимняя вишня»).

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп ТІощІрэ епланэ джэгуГуэу «Спартак-Налшык» - «Черноморец» (Новороссийск) Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 31. Сыхьэт 15-м.

СОТТАЕВ Къанщауэ Хьэждаут и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщІыныгъэшхуэ и гугъэтащ. И ныбжьыр илъэс 83-м иту дунейм ехыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист Соттаев Къанщауэ Хьэждаут и къуэр.

Хьэждаут и къуэ Къанщауэ Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ ПашкІутІэ къуажэм 1935 гъэм щІышылэм и 5-м къыщалъхуащ. 1957 гъэм къыщыщІэдзауэ ар щытащ «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым и артист кІуэ пажэу. Къанщауэ и гъащІэ псор щІыхь зыпылъ І9хум - цІыхубэм яхуэлэжьэным - триуХуащ. Къыщалъхуа республикэм хьэлэлу хуэлэжьэным и щапхъэу щытащ абы къикІуа гъуэгуанэр.

ИльэсІ10щІым щыгъукІэ ар къафэмкІэ егъэджакІуэу лэжьащ икІи дахэу утыку итыным ныбжьыщІэ куэд хуигъэсащ. Ар щапхъэу ягъэлъагъуэ «Эльбрус» муниципальнэ къэфакІуэ ансамблым, КъБР-м щапхъэу ягъэлъагъуэ и «Элия» къэфакІуэ ансамблым, УФ-м нэхъыфІхэм щыхабжэ «Асса» къэфакІуэ ансамблІхэм я хуэдэ ирихьэлІэу лэжьащ.

Соттаев Къанщауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэр къыфІащауэ щытащ, 1971 гъэм «КъБР-м и цІыхубэ артист» цІэр къыхуагъэфащащ.

А щІыкІу щІыпкъэм, гуапэм, зэчиифІэм, къэфакІуэ гъуэзэджэм, чэнджэщэгъу Іущым и фэепІущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыпсэу-хэм я гум сыт щыгъуи илъынщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэ, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 31, *щэбэт*

♦1889 гъэм Франджым и къалащхьэ Париж къыщыІэІуахащ гъущІым къыхэщІыкІа чэщанэ тепъыджэр. Чэщанэм и конструктор Эйфель Гюстав абы и щхьэ дыдэм щыфІидзауэ щытащ Франджым и къэрал ныпыр. А къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэу къалъытэ ухуэныгъэм иужькІэ фІащащ Эйфель (и унэцІэ дыдэр Бёникхаузенщ) и цІэр.

♦1893 гъэм США-м щыщ Джадсон Уиткомб къыгурысыащ щыгъынэр, вакъэхэр зэрызэгублэ, «щыблэ» зыбІаща І9мэпсымэр.

♦1901 гъэм «Mercedes-Benz» япэ автомобилыр къыдагъэкІащ.

♦1909 гъэм Къуэрэсэй къызэрырашэкІыну «Титаник» къхъуныр щІын щІадзащ.

♦1940 гъэм, ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Къэрал Комитетым и унафэкІэ, «Т-34» танкыщІэр куэду къыщІагъэкІыу щІадзащ.

♦1943 гъэм ирихьэ Ржев деж щекІуэкІа зауэр. 1942 гъэм щышылэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм гъатхэпэм и 31 пщІондэ советыдзэхэмрэ фашистхэмрэ щызэпэщІэтащ абдеж.

♦1966 гъэм дунейм щыяпэу СССР-м иутыпщащ Маззм и спутник І9рыщІыр.

♦1991 гъэм Варшавэ Зэгурыуэныгъэм къыр имыІэжу къалъытащ.

♦1991 гъэм Къурым референдум щекІуэкІащ. СССР-м къыхэкІыным теухуауэ. Абы хэтахэм я процент 99-м щІигъур и телъхьэу къыщІэкІащ. Курыр щхьэхуэ хъуным.

♦1992 гъэм Башкирие АССР-р УФ-м хыхьэ Башкортостан Республикэ хъуащ.

♦1992 гъэм УФ-м щыналъэ щхьэхуэ - Журт автоном область - къыщызэрагъэпэщащ.

♦2014 гъэм УФ-м и Президентым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Кърымым и І9эхуэхэмкІэ министерствэ.

♦Урыс усакІуэ, литературовед, сабий таурыхъ куэд зытха **Чуковский Корней** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Збруев Александр** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, актёр, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгуэхьэныгъэм хэт **Гуэбэшы Амурбэч** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Пыл Іэуес** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и артист, узэрэджэІакІуэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Винокур Владимир** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Латвием щыщ узэрэджэІакІуэ, актрисэ **Вайкуле Лаймэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгухэм дыжьын (Наганэ, 1998), жэз (Солк-Лейт Сити, 2002) медалхэр къыщызыхьа **Буре Павел** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрыкъыщІэ, псапащІэ **КъуэкІыпІэ Артур** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 1, *тхьэмахуэ*

♦КъуаІэбзухэм я дунейпсо махуэщ

♦Ауанымрэ дыхьэшхэныкмрэ я махуэщ. Ар щагъэпэлІэ УФ-м, апхуэдэуи СНГ-м, Прибалтикэм хьыкэ къэралхэм, США-м, Канадэм, Инджыльизым, Финляндием, Испаниием.

♦Иран Исльам Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ

♦1778 гъэм США-м и доллаРым и дамыгъэр къагупсысащ. Нью-Орлеан щыщ хьэрыфтыщІэ **Полок Оливертщ** абы и сурэтыр щыщІар.

♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Литвам и хъыбарегъащІэ І9эхущІапІэр - иджы ЭЛЬТА агентствэр.

♦1931 гъэм Симферополь къыщышылэм и 5-м къыщалъхуащ. 1957 гъэм къыщыщІэдзауэ ар щытащ «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым и артист кІуэ пажэу. Къанщауэ и гъащІэ псор щІыхь зыпылъ І9хум - цІыхубэм яхуэлэжьэным - триуХуащ. Къыщалъхуа республикэм хьэлэлу хуэлэжьэным и щапхъэу щытащ абы къикІуа гъуэгуанэр.

ИльэсІ10щІым щыгъукІэ ар къафэмкІэ егъэджакІуэу лэжьащ икІи дахэу утыку итыным ныбжьыщІэ куэд хуигъэсащ. Ар щапхъэу ягъэлъагъуэ «Эльбрус» муниципальнэ къэфакІуэ ансамблым, КъБР-м щапхъэу ягъэлъагъуэ и «Элия» къэфакІуэ ансамблым, УФ-м нэхъыфІхэм щыхабжэ «Асса» къэфакІуэ ансамблІхэм я хуэдэ ирихьэлІэу лэжьащ.

Соттаев Къанщауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэр къыфІащауэ щытащ, 1971 гъэм «КъБР-м и цІыхубэ артист» цІэр къыхуагъэфащащ.

А щІыкІу щІыпкъэм, гуапэм, зэчиифІэм, къэфакІуэ гъуэзэджэм, чэнджэщэгъу Іущым и фэепІущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыпсэу-хэм я гум сыт щыгъуи илъынщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэ, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэ.

Гъатхэпэм и 31, *щэбэт*

♦1889 гъэм Франджым и къалащхьэ Париж къыщыІэІуахащ гъущІым къыхэщІыкІа чэщанэ тепъыджэр. Чэщанэм и конструктор Эйфель Гюстав абы и щхьэ дыдэм щыфІидзауэ щытащ Франджым и къэрал ныпыр. А къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэу къалъытэ ухуэныгъэм иужькІэ фІащащ Эйфель (и унэцІэ дыдэр Бёникхаузенщ) и цІэр.

♦1893 гъэм США-м щыщ Джадсон Уиткомб къыгурысыащ щыгъынэр, вакъэхэр зэрызэгублэ, «щыблэ» зыбІаща І9мэпсымэр.

♦1901 гъэм «Mercedes-Benz» япэ автомобилыр къыдагъэкІащ.

♦1909 гъэм Къуэрэсэй къызэрырашэкІыну «Титаник» къхъуныр щІын щІадзащ.

♦1940 гъэм, ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Къэрал Комитетым и унафэкІэ, «Т-34» танкыщІэр куэду къыщІагъэкІыу щІадзащ.

♦1943 гъэм ирихьэ Ржев деж щекІуэкІа зауэр. 1942 гъэм щышылэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм гъатхэпэм и 31 пщІондэ советыдзэхэмрэ фашистхэмрэ щызэпэщІэтащ абдеж.

♦1966 гъэм дунейм щыяпэу СССР-м иутыпщащ Маззм и спутник І9рыщІыр.

♦1991 гъэм Варшавэ Зэгурыуэныгъэм къыр имыІэжу къалъытащ.

♦1991 гъэм Къурым референдум щекІуэкІащ. СССР-м къыхэкІыным теухуауэ. Абы хэтахэм я процент 99-м щІигъур и телъхьэу къыщІэкІащ. Курыр щхьэхуэ хъуным.

♦1992 гъэм Башкирие АССР-р УФ-м хыхьэ Башкортостан Республикэ хъуащ.

♦1992 гъэм УФ-м щыналъэ щхьэхуэ - Журт автоном область - къыщызэрагъэпэщащ.

♦2014 гъэм УФ-м и Президентым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Кърымым и І9эхуэхэмкІэ министерствэ.

♦Урыс усакІуэ, литературовед, сабий таурыхъ куэд зытха **Чуковский Корней** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Збруев Александр** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, актёр, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгуэхьэныгъэм хэт **Гуэбэшы Амурбэч** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Пыл Іэуес** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и артист, узэрэджэІакІуэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Винокур Владимир** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Латвием щыщ узэрэджэІакІуэ, актрисэ **Вайкуле Лаймэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгухэм дыжьын (Наганэ, 1998), жэз (Солк-Лейт Сити, 2002) медалхэр къыщызыхьа **Буре Павел** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрыкъыщІэ, псапащІэ **КъуэкІыпІэ Артур** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 1, *тхьэмахуэ*

♦КъуаІэбзухэм я дунейпсо махуэщ

♦Ауанымрэ дыхьэшхэныкмрэ я махуэщ. Ар щагъэпэлІэ УФ-м, апхуэдэуи СНГ-м, Прибалтикэм хьыкэ къэралхэм, США-м, Канадэм, Инджыльизым, Финляндием, Испаниием.

♦Иран Исльам Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ

♦1778 гъэм США-м и доллаРым и дамыгъэр къагупсысащ. Нью-Орлеан щыщ хьэрыфтыщІэ **Полок Оливертщ** абы и сурэтыр щыщІар.

♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Литвам и хъыбарегъащІэ І9эхущІапІэр - иджы ЭЛЬТА агентствэр.

♦1931 гъэм Симферополь къыщы-зэІуахащ Крым медицинэ институтыр. Дыжьыпсту ар Вернадскэм и цІэр зезыхьэ Кърым федеральнэ университетым хыхьэ медицинэ академиещ.

♦1938 гъэм Швейцарием утыку къыщрахьащ бгъэткІу хъу кофер.

♦1956 гъэм Берлин (ФРГ) къыщызэрагъэпэщащ Германием и Федеральнэ тІасхъэщІэр І9эхущІапІэр.

♦1995 гъэм лэжьэн щІидзащ «Урысей жылагъуэ телевидение» каналым. Иджы абы зэреджэр «Ягъ каналщ».

♦2009 гъэм Албаниемрэ Хорватиемрэ НАТО-м хыхьащ.

♦Урыс тхакІуэшхэр, дунейпсо литературэм и классик **Гоголь Николай** къызэралъхурэ илъэс 209-рэ ирокъу.

♦Германием и къэрал къулыкъущІэ, а къэралым и ягъэ канцлеру щыта **Отто фон Бисмарк** къызэралъхурэ илъэс 203-рэ ирокъу. И тхІигъэм щхьэкІэ щыІэ «гъущІым къыхэщІыкІа канцлер» хужаІэрт.

♦Урыс композитор цІэрыІуэ, пианист, дирижёр **Рахманинов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокъу.

♦Совет авиаконструктор, СССР-м щІэныгъэхэмкІэ и академием и академикыкІу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Пльхъужь, «Як» къхъулъатэ цІэрыІуэр езыгъэщІа, Сталиным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр хэнейрэ, Лениным и саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Яковлев Александр** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Тележурналист, Урысей телевидением и академием и ягъэ президентэу щыта **Познер Владимир** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УэрэджэІакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артистэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артистэ **Щауэжь Розэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м и цІыхубэ дохутыр, жылагъуэ лэжьакІуэ Тэмазэ Анатолэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦ЩІоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, Адыгэ Республикэмрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ я артистэ **КІуэкІуэ Елизаветэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 2, *блыщхьэ*

♦Сабий тхыльым и дунейпсо махуэщ

♦Белоруссиемрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦1792 гъэм США-м къыщызэрагъэпэщащахьшэ щащІ я ягъэ І9эхущІапІэр.

♦1906 гъэм Урысейм и ягъэ Къэрал Думэм и депутатхэр хахащ.

♦1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкІэ къыщыдигъэкІащ «Гъуазэ» газетым и ягъэ номерыр.

♦1948 гъэм КІэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ.

♦Данием щыщ усакІуэ, тхакІуэ, тарыхъ тепльыдж куэд зи къалэмыпэм къыпыкІа **Андерсен Ганс Христиан** къызэралъхурэ илъэс 213-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ-романист **Золя Эмиль** къызэралъхурэ илъэси 178-рэ ирокъу.

♦Совет джаз музыкант, дирижёр, композитор, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Лундстрем Олег** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Цирким и артист, хьэкІэхъуэкІэхэр зыгъэсэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Запашный Вальтер** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **АфІэунэ Раисэ** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и

● Пшыхьхэр

«Адыгэ макъыр» ягъэлъапIэ

Адыгэ Республикэм къыщыдэкI «Адыгэ макъ» газетым и илъэс 95-р Iэтауэ щагъэлъэпIащ Мейкъуапэ дэт Къэрал филармонием. ЗэIущIэм хэтащ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат, Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ Нарожный Владимир, къэрал чэнджэщэгу Тхьэкlущынэ Аслъэнджерий, АР-м и апэ Президент Джарым Аслъэн, Къэрал Советым - Хасэм и депутатхэр, министрхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым икIа лIыкIуэхэр.

ПШЫХЬЫМ и пэщIэдзэм КъумпIыл Мурат къызэхуэса псоми ехъуэхъуащ Кавказ Ищхьэрэм къыщыдэкI газетхэм я нэхъыжь дыдэхэм ящыщ «Адыгэ макъыр» илъэс 95-рэ зэрырикъумкIэ. И къалэн нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу, абы пIэнкъым дежкIэ мыхьэнэшхэу зэригъэзащIэр жиIэри, республикэ Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ зи къалэмыпэмкIэ адыгэ литературэм зезыгъэужьа куэдым ар къежьапIэ зэрахуэхъуар - Андырхъуей Хъусен, КIэрашэ Тембот, Къуиикъуэ Налбий, Нэхей Руслан, Мэшбащ1э Исхьэкъ, нэгъэущIхэми.

- «Адыгэ макъым» къикIуа гъэзугаиэм урипльэжмэ, и щIэджыкIакIуэхэм пщIэрэ дзыхьрэ къыхуащIу, Iулыдж иIэу къэгъэзгурыкIуащ, апхуэдэуи жылагъуэ-политикэ, щIэнхабзэ гъащIэр и напэкIуэцIкъм жыджэру къыщигъэлъэгуащ, къыщынэмыщIауэ, сыт щыгъуи удихьхьу цIыху гъэщIэгъуэнэхэмрэ Iэщ1агъэлI зэчиифIэхэмрэ ятетхьхьащ, ноби апхуэдэщ, - жиIащ КъумпIыл Мурат.

Iэтащхьэм къыхигъэщащ «Адыгэ макъым» дяпэкIи зэрызиужьынур, щIэуэ къежьэ Iэмэпсымэхэр и лжьыгъэм къызэрыщигъэсэбэпырыр, и щIэджыкIакIуэхэм я бжыгъэм зэрызэхэъуэнур и фIэщ зэрыхъур. Абы папщIэ республикэ унафэщIхэм редакцэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэрызэрагъэпэщынури жиIащ. ИкIи абы щIыгъуащ республикэ газетхэм щылажьхэхэм я улахуэм накъыгъэм зэрыхагъэхъуэнур.

«Адыгэ макъым» щылажьэ псоми Iуэху купщIафIэ къызэрырахьэлIэм папщIэ фIыщIэ ин яхуищIри, къыхэжаныкIахэм къэрал дамыгъэхэр яритащ КъумпIылым. Журналистикэм зегъэужьынымхуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «Адыгейм и щIыхь» медалыр хуагъэфэщащ Нэхей Рэмэзан, «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр фIащащ КIарэ ФатIимэтрэ Тхьэкъуахъуэ Iэдэмрэ.

Редакцэм и лжьакIуэхэм екъуэхъуащ АР-м и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ Нарожный Владимир икIи «Закон. Долг. Честь» дамыгъэмкIэ къыхаугъэщащ Лышэ Саният, редактор нэхъыщхьэ Дербэ Тимур Къэрал Советым - Хасэм и ЩIыхь тхылъкIэ хуэупсащ, Нэгъуэй Сафиет фIыщIэ тхылъ иратащ.

Газетым иIэ мыхьэнэр зыхуэдэр, «Адыгэ макъым» гъэзугаиэ дахэ къызэрикIуар, ноби зэманым декIуу зэрыбакъуэр жаIэу газетым и лжьакIуэхэм екъуэхъуащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэдэрэ** «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Уэжыкъуэрэ**.

Дербэ Тимур «Адыгэ макъым» и тхьэдэм щыщ Iыхьэхэр, нобэ и шыфэлIыфэр, нэхъапэм щылажьахэм ябгъэдэлъ фIыщIэр, нобэрей журналистхэм гу нэхъ зыльытэхэр кьыхэщу къэпсэльащ а пщыхьэщхьэм. Апхуэдэуи фIыщIэ яхуищIащ сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу кьахуэхъу республикэ унафэщIхэмрэ я Iуэху къадэзыIыгъ щIэджыкIакIуэхэмрэ.

Пшыхьэр ягъэдхащ «Налмэс», «Исльэмей», «Оштен» ансамблхэм, уэрэджыкIакIуэхэу КъуийкоскъуэСимэ, Еутых Вячеслав, Дзыбэ Мухьэмэд сымэ, нэгъэущIхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(ЦIыхубзым къиIуэтэжа Iыхьэр)

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр нэгъабэ къыдэкIа №№23-25, 27, 29-32, 37, 38, 42, 46, 48-50, 61, 64, 65, 71-72-хэм итщ.).

Илъэс 30 ипэкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 80 гъэхэм и япэ Iыхьэм, кьалэ пхыдза цIыкIу гуэрым ди театрым зыкъыщигъэлъагъуэу, спектакль нэужым артистхэмрэ ди гупыр зигу ирихь щIыпIэ политикхэмрэ пщыхьэщхьэхэр зэдэтщIу дызэдащысым, сэ сызэращIэу ди Iэнэкlэм къэтIысащ сэ схуэдэу зи щхьэцыр гъэуплъ цIыхубз.

Iэнэм пэрысхэм абы асыхьэту гу лъатэри, ягъэщIагъэу тепсэлъыхьыхьи щIадзащ: зи щхьэцыр дыщафэ цIыхубзитI зэуэ зы гуп хэсщ, зэрымыщIэкIэ къэхъуа гуэру пIэрэ ар? Псори зэупщIыжыр: «Апхуэдэ зэIуIэр зыхуэхэпхуэр фIы хьэмэрэ ку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ТхьэгъэпсэуУвжыкъуэрэ**.

Зи щхьэцыр гъэуплъ цIыхубзыр зыIэзыбжьэу зэрисалъэри жиIащ:

- Си щхьэц плъыфэр кьыздалъхуауэ сысейщ, - и жылэкIэмкIэ зигъэзахуэу псалъэ хуэдэт, ауэ зэрыгушхэри ибзыщIыртэкьым. - Мис, феплъ, си Iэблэхэри си напрэри уэгугущ, цыплъхэм зэрахабзэу. КьищIынэмыщIауэ, си щIыфэр хужьщ, си нэхэри удзыфафэщ.

Iэнэм бгъэдэсхэм си дежкIэ зыкъагъэзащ, сэ абы естыжьну жэуапым зэрыпэплъэр кьызагъащIэу.

- Уэ уи щхьэц плъыфэр кьыздагъэущ, сысейр сэ си фIэфIынынгъэщ, - кьызжьэдэлъэтащ асыхьэтым. - Ууейр тхьэм и тыгъэщ, укъалъхун ипэ уи натIэ кьритхауэ. Сысейр - сэ сызэрыхуейм хуэдэну зыхуэсщыжа унафэщ.

Псалъэмакъым адэкIэ кьыпысщэну сыхэтакъым, кьызэхуэса гуп дыгъэлIым зыкъызыкIыщIыжа гуэру сакъыщымыжъуным сыхуэзакъащ, мо бзылъхугъэм жэуап естыжьхуэ зыгуэрхэр зэрызэпхыдыхьэшхыкIам гу лъыстати. Ауэ абы и псалъэхэм зыгуэр пэзмыдзыжу къэзгъэнэну сфIэтэмэмтэкъым, си дзэр шыуэ си ныкъуэкъуэгъум сыпикIуэтауэ, сызэрыщымыт зысщIауэ е нэгъуэщI бзылъхугъэхэм зезгъэщхьауэ зыми сыкъыщымыхуэн папщIэ.

Мис а пщыхьэщхьэм и уэкькIэ сэ кьызгурыIуащ си щхьэцым и плъыфэу щытынур кьыщыхэсхьи си гъащIэр адэкIэ зыхуэзэнури абы дэщIыгъуу кьызэрыхэсхар. Си щхьэцыр дыщафэу зэ закъуэ исIэри, си гъащIэ псом а плъыфэм сепцIыжакъым.

Нэхъапэм сэ актрисэу сыщытакъым, театр утыку сыкъыкъэу таурыхъхэм, шыпсэхэм щыщ зы пычыгъуэ закъуи згъэзащIакъым, атIэ хуабжьу зыхуэзарэзыжк социалист бзылъхугъэу, си дунейеплъыкIэхэмрэ абы кьытемыхэсу зэрыхэт ауан зыщI тепльэгъуэхэмрэ уэрамхэм щызгъэльагъуэу сыдэту арат. ИлъэсищкIэ щэхуу сызыпIылъа щIалэм (ар илъэсипщIкIэ сэ нэхъ-рэ нэхъыжьыт, революционер гущIэт икIи хуабжьу зэкIужт, кьищынэмыщIауэ бынунэт) сыкъыигъанэри екьэжат. Апхуэдэу зыIэзыбжьэу дызэпыкIыжьыну пщIэнтэкъым, дызэщIэплъауэ, дигухэр кьилъэту революцэм теухуа тхылъхэм дыкьыщеджэм щыгъуэ!

Пэжыр жыпIэмэ, сэ абы схуэзэгуэпырт, ищIар зэрызахуагъэр кьызгурыIуэми. Сыту жыпIэмэ, щэхуу зетхьэ ди гугъэж зэхущIыкIэхэм хэзымыщIыкI ди гупым хэттэхьым, кьыттемыпсэлъыхьу е ди Iуэхум и пэ кьыхэзымыIуу кьэнэжар нэхъ хуэмыху дыдэхэрат. Псоми жаIэрт дызэпымыкIыжмэ, ди Iуэхур мыгъуагъэ гуэрым хуэзгъэкIэ хъунэ. Абы хэту, 1980 гъэм кьэралым кьыщыхъуащ тетыгъуэр зыIыгъхэм зауэкIэ кьыщыIэщIах зэхъуэкIыныгъэр. Ди гупым щыщ зыкъомым загъэпщкIуащ, языныкъуэхэри кхъуафэжьыкIэ хым зэпрыскIри Альджым кIуащ, абы икIыжри Германием зыщыщIидзащ политикэ щхьэезгъэпIэ зэрыпIыхьэуэр щыжаIэу. Властыр зыIыгъхэм япэщIэхуа насыпыншэхэр хьэпсым ирадзэри, бэлыхьишэ ирагъэшэчащ. Сэ фIыуэ сльэгъуа Акын а гъэ дыдэм и унагъуэм игъэзэжри, и фызымрэ и кьуэмрэ ядэпсэуэу, и хущхъуэщапIэ щIыкIури игъэлажьэу екьэжащ. Игу сызэрырихьыгъ: щхьэцыр гупльэтэ кьысхуэзыщIу Турхьэн фIыуэ сльэгъуа щIалэр езым нэхърэ нэхъыкIэу кьыщIригъэдзыну зэрызэтын щхьэкIэ нэхъапэхэм сыхуэбампIэу щытами, иджы нэгъуэщIынкIэ сепIъ хъуат. Си фэм дэкIри зыхиущIэри, кьысхуэзгумащIэт, апэхэм хуэдэу псалъэ жагъуэхэмкIэ кьызэмыпIэскIуу кьыдзэсхьырт, сызыхуейр кьищIэмэ, кьысхуищIэн хъэзыру и нэIэ кьыстригъэтт.

Арати, дэ щIэх дыдэу дызэрышащ, «Революцэ хэку» зэщIэхъеенныгъэм дежкIэ абы нэхърэ нэхъыфI тхуэмыщIэну кьыщIыхьуэ. Ауэ щхьэгъуэсэ схуэхъуам и тэмакъым хуегъэхьыртэкьым сэ нэгъуэщI цIыхуэ фIыуэ сльэгъуу зэрыщIар, езым и Iулыджьр а Iуэхугъуэм игъэлажьэхъшэу кьилъытэрт, ауэ злэжьа щхьэпсынышагъэм щхьэкIэ сэ зэи сигъэкъуаншэртэкьым. Пэжщ, си Акыни ящыщтэкьым щIэхыу фIыльаджуныгъэ зыщIу щIэхыу зыщыгъупщэжхэм, ауэ абы кьытехьэлъэу хуэжьат и ныбжьэгъуэхэм яхэтыныр, ахэр щIагъыбзэкIэ кьепсалъэу, зыгуэр кьраIуэкIыу, нэхъыбэрэ кьехъуджауэу, нэщIыбагъкIэ кьыхуэпсалъэу кьыфIэщIырт. Куэд дэмыкIыу абы «Революцэ хэкум» кьыхэхэтэкэ игъэгуаншэу, зыри ямыщIэу жиIэу кьыублащ икIи зиIэтри, Малатья Iэпхъуащ, Iэщхькlэ зэщIэузэда бэнэныгъэ абы кьыщIэзригъэпэщыну и гугъэу. КIыхьу кьезгъэкIуэкIыну сыхуейкъым абы кьызэщIиIэтэну хэта цIыхухэм бзэгу яхьу Акын зэрагъэтIысам, си щхьэгъуэ Турхьэн агурэру жандармхэм яубыду абыхэм зэрагъэщIакIуэдам теухуа хъыбархэр.

ЕтIуанэ гухэщI хьэлъэр зэман кIэщIым къриубыдэу кьысльэIэса нэужь, сэ политикэ Iэхухэм гущIыIэ сахуэхъуащ. Зэзэмызэ сигу кьэкIырт си анэм, нэхъапэм губернатору щытауэ иджы пенсионер си адэм я деж згъэзэжыныр сэркIэ нэхъыфIу, зэIуIэр зыхуэхэрт. Сыкъыщалъхуа унэм сыкIуэжмэ, сызэрыхилъэфам арэзы сытехьуэн хуейт, игъащIэкIэ театрым сызэрыпыкIым и гугъу умыщIыхьи. Ауэ иджы си деж-кIэ нэхъ гугъу хьуат театр гуп тэмэм кьэзгъуэтыныр, кьэзгъуэтыфа нэужьи сыкъадэнри. КьищынэмыщIауэ, си сыхуеижтэкьым политикэ лъабжьэ зиIэ теплъэгъуэхэм сыщыджэгуну, атIэ театркIэ зэджэ езы кьэхъугъэм сызылэжьэнрэ сызыщIэхъуэпсыр.

ИкIэм-икIэжым си сыдэкIуэжащ си щхьэгъуэсм и кьуэш нэхъыщIэ Тургай, уэсмэн пхъэхэзэм зауэм хэкIуэдахэм я фызхэм зэращIу щытам ещхьу. Уэрамхэм зыкъыщыдзыгъэлъагъуэ театр гуп цIыкIу кьызэдгъэпэщыну абы жезыIари сэрат. Илэхэм деж ди унагъуэ гъащIэр дызэримигугъауэ хьарзынэу, тIуми дынасыпыфIэу зытпльытэжу щытащ. ФIыуэ сльэгъуа цIыхухэуитI сфIэкIуэда нэужь, Тургай и щIалагъымрэ кьабзагъымрэ дзыхь зэбгъэз хъуну ящIанэу кьызсщыхуат.

Дэ Хъарзынэ кьызэхэтIыхьу дежьащ. ЦIыкмахуэм ди театр шэтырыр Истамбыл, Анкара хуэдэ кьалэшхуэхэм щыдгъэувырт, «сэмэгу» зэгухьэныгъэхэм я зэхуэсспIэхэм, театр утыкум зыкIи емыщхь пэшхэм зыкъыщыдгъэльагъуэрт. Гъэмахуэ щыхьыкIэ, ди ныбжьэгъухэм дызрагъэблагъэ кьалэ цIыкIухэм, щIынагъэ пхыдзахэм дыкIуэрт, зэрагъанэхэм, яухуагъащIэ фабрикхэмрэ заводхэмрэ здэщIы щIыпIэхэм зыкъыщыдгъэльагъуэрт. Зи щхьэцыр дыщафэ бзылъхугьитIыр апхуэдэ ежьэгъуэхэм ящыщ зыт щызэIущIар, ди шэтыр театрыр кьызэрыунэхурэ илъэсищ щрикъуэ гъэм. А цIыхубзым сыхуэзэным иджыри илъэс иIэу си щхьэцыр гъуэплъу исIат. Пэжым ухуеймэ, си куэдрэ сыгупсысакъым абы сытегушхуэн щхьэкIэ.

- Си щхьэц плъыфэр схъуэжыну сыхуейт, - жесIащ щхьэщIэщ1ащ1 цIыхубзым, Бакыркёй кьэблэм дэт щхьэщIэщапIэм и шэнтым зы махуэ гъэрым сыкъыхуэта нэужь. Ауэ асыхьэтым ирихьэлIэу сэ сщIэртэкъым си щхьэцыр сыт хуэдэ плъыфэкIэ ирезгъэIэнуми.

- Уэ ущхьэцыгъэущ, дыщафэ-гъэплъыфэр дахэу уэкIунущ, - жиIащ цIыхубзым.

- НтIэ, схуиIэ си щхьэцыр дыщафэгъэплъыфэу, - сытегушхуащ сэ занщIэу. - Ар нэхъыфIщ, шэн хэмылъу.

Нэм кьыIуидзэу, гу зылъыуигъатэу хуат си щхьэц плъыфэр, ауэ сэ сыщIегъуэжатэкъым, си хъуреягъым щытхэм зигу иримыхьын кьаохкIатэкъыми. Тхьэм ирещIи, ролыщIэ гуэрым зыхуэзгъэхьэзыр ягугъауэ кьыщIэкIынщ. Си щхьэцыр гъэплъыфэу щIрезгъэIэар фIыуэ сльэгъуауэ насыпыфIэ сызыдзмыхьуа щIалэхэм кьызата гухэщIхэрауэ жызыIи щыIэт. Абы кьыхэкIыри псори сэ кьысхуэсакъырт, си жагъуэ зэрамыщынным хущIэкъурт, кьысхуагъэгъурт сыт сщIэми.

ЦIыхухэр кьызэрысхущытым зэрызихьэжмкIэ сэ хуэм-хуэмурэ кьызэрыгурыIащ сщIар абыхэм кьаззэрыщIхьур: нэхъапэ ящIамрэ абы кьытращыкIыжамрэ зэгъэпщэныр тыркухэр зытепсэльыхьыну яфIэфI Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ. Си щхьэцыр дыщафэ бзылъхугъэм сепэгэкIыу естыжа жэуапым иужькIэ, сэ кьэзэфлащ щхьэц зэрыраIэ бэяу плъыжьыр бззэрыкIи кьыщсщхэуурэ си щхьэцыр сэ езым исIэжу.

Сэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэсщIыр ди зытыр театрым кьыщIыхьэ студент нэхъуеинщэхэр, лицейм щеджэ ныбжьыщIэхэр, закъуэныгъэм иригъэжша сэлэтхэр арат. Утыку ситу кьэзгъэльагъуэ теплъэгъуэхэм я купщIэр абыхэм я деж зэрынэсхьэсыным сызыщIэжьат, а щIалэхэм я хуэзгъэпIэхэмрэ я гурыщIэхэмрэ сахуэзыхуаэ. ЦIыхухъу балигъхэм нэхърэ абыхэм нэхъ псынщIэу кьаохуатэ плъыфэхэм я нэхъ пIащIэр, пэжымрэ пцIымрэ тыншу зэжагъэI, гурыщIэ хьабзэмрэ нэпцIымрэ зэхащIыхьэ. Си щхьэцыр гъэуплъыфэу ирезмыгъэIатэмэ, Джем а зэманым гу кьысльмыгъэнкIи хьунт.

Сэ ар адрей ныбжьыщIэхэм кьащIыхэсльагъуэкIар езым и нэр щхьэзрысфIэнар аратэкъым: Джем и теплъэм сэ занщIэу сигу кьигъэкIыжащ фIыуэ сльагъуэ щытар. Абы кьыхэжIыу, сэ сыт щыгъуи сфIэфIт а щIалэр адрей зэтеплъэхэм кьахэзэфыдыкIыурэ сеплъынкъым. ИужькIэ Iуэхугъэм сэри абы игу сызэрырихьым, пIалъэкIэ псэупIэ тхуэхъуа унэм и щхьэгъуфбжэхэм щIэх-щIэхыурэ кьызэрыIухьэм. Джем егъэлеяуэ укIытэхт, икIи а щIалэр сигу кьыщIыдыхьам и щхьэусыгъуэхэм ари яцIыщу кьыщIэкIынщ. Сэ сащошынэ цIыхухъу щхьэрыутIыпщхэм. Апхуэдэхэр арышхами ди деж щымащIэкъым. ЩхьэрыутIыпщагъыр уэ зэрыщIалэм ещхьу псоми ялъэIэсауэ кьысфIощIри, сэ зэззэмызэ зыхьэзощIэ мы къэралым сызэрибзмпIыхьыр. Ахэр кьанэ щымыIэу псори хуейщ уэрэ щхьэрыутIыпщу ушытыну. Джем укIытэхт икIи икъужIэ зэпIэзэрытт. Ар хэтми сэ кьыщIызгурыIуар ди спектаклым еплъыну кьакIуэу мафIэгу кьэувыIэпIэм и утым кьэткIухьу дыщита пщыхьэщхьэрат, абы щыгъуэм Джем и гъащIэм кьысхутепсэлъыхьауэ щытати.

Сэ абы жиIаэр си лыпэнэкъынэм хьхьэу тепльыджжэ сщIихъуат, ауэ щIалэр куэд щIаэ сцIыхуу си гум жиIэрти, абыкIэ сыщымыуауэ кьыщIэкIат. Театрым сызэрыщIыIэ зэманым кьриубыдэу сэ сесат зэрымыщIэкIэ кьхъэуауэ кьыпфIэщI Iэхуугъуэхэм и пэжыпIэкIэ мыхьэнэ щэху гуэрхэр зэрагъэ кьызгурыIуэу. Си кьэрри абы и адэри тхакIуэ хъуну зэрыхуеяр кьызэрыгуэкI Iэху гуэрэгъэкъым. Апхуэдэ дыдэуи кьызэрымыкIуэ Iэхугъуэщ илъэс 30 дэкIауэ си кьуэр мыбдеж, Онгёрен кьалэ цIыкIум, и адэм зэрыщыхуэзэжари. КьызэрымыкIуэщ си кьуэр адэ кьызэрыщхьэщымытым ирибампIэу зэрыщытар, абы езым и адэми арат и гурыгъуэр. КьызэрымыкIуэщ апхуэдэу кьызэрыIуэ Iэхугъуэщ илъэс 30 дэкIауэ си кьуэр мыбдеж, Онгёрен кьалэ цIыкIум, и адэм зэрыщыхуэзэжари. КьызэрымыкIуэщ си кьуэр адэ кьызэрыщхьэщымытым ирибампIэу зэрыщытар, абы езым и адэми арат и гурыгъуэр. КьызэрымыкIуэщ апхуэдэ илъэскIэ театр утыкум нэпцIкэр щыщIэзгъэкIа си сифIэщу сыщIэгъын гуныкъуэгъуэ гъащIэм мымащIэу кьызэрызитар.

Iэщ1экIэ зэщIэузэдзкэм тетыгъуэр 1980 гъэм зыIэрагъэхьа иужькIэ, ди театрым игъэльагъуэр тхъужащ, бэлыхь зыхэдмыдзэжьын щхьэкIэ. ЦIыхухэр ди щэтырым кьэтщIэлIэн мурадкIэ, сэ кьыхэсхащ «Месневи», «Хосровр Ширинрэ», «Керемрэ Аслъэрэ» поэмэхэм, суфийхэм кьаIуэтэж хьыбарыжьхэмрэ таурыхъхэмрэ щыщу лъагъуныгъэм теухуа теплъэгъуэ кIэщI цIыкIухэмрэ диалогхэмрэ. Ауэ екъулIэныгъэшхуэ дыщиIар Рустамрэ Сухрабрэ я хьыбарым щыщу бзылъхугъэм и монологыр щыдгъэувыну щыгъуэт. А пычыгъуэр дгъэлъэгъуэну чэнджэщ кьыдзэытар «Иешильчам» («Уэздыгьей щхъуантIэ») газетым мелодрамэхэр хуэзытх ди ныбжьэгъу-сценарист гуэрт.

Сухраб и анэ Тахминэ и ролыр згъэзащIэу, Iэпхъпхъэпкъыр кьызыпхьапс щыгъын пIащIабзэхэр сщыгъыу, сыкъафэу утыкум сыщитым, я гурыIуэпсыр иракъухьу кьызэхъуапсэ цIыхухъу щхьэрыутIыпщыжь къомым, «А кьэнари зыщIх! ЗыщIх!» - жаIэу мыукIытэжьхэхэу кьаджэхэм, я бзэр иубыдырти, шэтырыр зэрыщIыту щым хъурт, си кьуэр зыгъей бзылъхугъэм и теплъэм сыщIихьэкIэ. Сэ хуэму сыпIыхьэр къеэгъажьэрти, макъыр утIыпщауэ гъыным сыхуэзкIуэжырт. СыщыгъкIэ сэ зыхэсщIэрт кьызэпIэхэр зыгъэIэрыщIэн къару кьызэрыспкърыкIыр икIи насыпыфIэ срихъурт актёр Iэщ1агъэ сызэриIэмрэ театрым си гъащIэр тыхь зэрыхуэсщIамрэ. Зи кIэдахьуэхэр зэгуэха бостей пшыкIыжь кIыхь сцIыгъыу, зэрызагъэщIэращIэ пасэрей хьэпшыпхэр скIэрылъу, анэгум игъэв гуIэр кьэзгъэльагъуэу утыкум ситыку, сэ зыхэсщIэрт кьызэпIэхэр зэрыкIэзызэр, я нэхэм нэпс кьызэрытелъадэр икIи гъащIэм мыхьэумыщIагъэу щащIам хущIэзыгъэгъуэж гурыгъуэ гуэрым ахэр зэрызэщIиубыдэр. Сэ кьызгурыIуэрт кьаIэ гъащIэ цIыкIуэ я кьыщIыхуэ щIалэщIэу абдеж кьыщызэхуэсахэм, езыхэм кьагурымыIуэжми, я щхьэр зыхуэахьыр Рустам лIы Iэчлъэчым и образыр зэрырымырар, атIэ абы и кьуэ Сухраб зыхуэгъадэрт. ИкIи а щIалэм яг щIэгъун щIадзэрт. Сэ зыхэсщIэрт - ныбжьыщIэхэм кьафIекIуу нэпсхэмкIэ езыхэм я щхьэрт ягъеижьы.

Апхуэдэуи слъагурт си джэгукIэр зигу ирихь куэдым роль згъэзащIэр кьаззэрыпкърыхьэм кьыдзкIуэу, си Iэпкъльэпкъри гупсэхуу зэпIалъы-хьыну зэрафIэфIыр. Абыхэм я нэхэр зэм си Iупэм, зэм си пщэ лантIэм, зэми си бгъэм, зэми си лъакъуэхэм тенэрт, гупльатэнщэу кьаНэртэкъым си щхьэц дыщафэри. Си щхьэр щызгъащхькIэ, пагэу сыкъыщыхэбжъукIкIэ е цIыхухэм сакъыщыхэпIэкIэ, сэ зэпымыууэ гу лъыстэрт абыхэм я псэкупсэм лъэIэсыныр, я гурыщIэхэр кьызэщIэIэтэныр, я щIалагъым щIэджэныр кьызэрызэхъулIэм. Ауэ апхуэдэ дакьикъэ насыпыфIэхэр сэ зэхущIэхъуэрэ зэгъэтхъым: е гущIэхэм егъэлеяуэ зэщIаубыда щIалэщIэ гуэр иныбхуэу кьыхэсгъыкIынти, адрейхэри абы дежьуунт, е нэгъэщI гуэрым Iэгуаузшхуэ иIэтыни, театрелIэхьэм я зэщIэзышхуэ абы къикIынт. Зыбжанэрэ сэ си нэгу щIэкIащ ди театрым къэкIуахэм я акъылыр яцIыщыкIауэ, макъышхуэкIэ гъахэри щхэу пыхьахэри, Iэгуауэ къэзыIэтахэри ар зымыдзу шхьдахэри, кьыщылъэтурэ кьыхэкIиикIахэри щыму щысхэри псори зэрыубыдэр зэрыфщыщIу. Псом щыгуэми си сигу ирихьырт ахэр «езыхжь» гурыщIэр, сыхуейт ар нэхъыбэрэ кьэхъуну, ауэ икIи сыщышынэрт хьиим икIа цIыху гупым и кьарум.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Адрыщ1 ныджэм дэту зыкъэзылъытэжым Iэр хуэсшия къудейуэ аращ, мыдрыщ1 къызэпрысшыну

Къармэ Iэсият и тхылъыщIэм теухуауэ

УщыIэщ - Ужейкъым - Зыпшыхьыжакъым хьэлыгъуанэу! Уэ усакIуэшхуэу укъэслъытауэ, лъэтеиву пхузощIри, пхузэгъэфэща лъагапIэм лъэ быдэкIэ щыув, щыгъаГъэ, дыщэпIэ-дыщэхуу зэрыльэгъу усыгъэ къэгъэщI.

КъАРМЭ Iэсият умыщIыхухэуи, и усэхэм уеджэнэу «хэтIысхьи», нэгъэсауэ зэрыадыгэр, бзэм зэрыхуэшэрыуэр занщIэу хьэжъ пщохьу. И псэр здынэсам уэрэ уэрыхуишэфыр гъэщIэгъуэныщщ. Унэсмэ, и усэ Iуфэм деж усакIуэм и гъусэу ущотIысэхри, гупсэхуу зыбогъэпсэху. И Iадакъэщ1экIэхэм гъуазэ хуэхъуэ гупсысэхэмкIэ дэнэ нэс уимышами, си Iэхуущ хэбгъуатэмэ зы псалъэ бгъунлъэ. ХъарзынэкъэтIэ пшэщIа уи гупсысэр уи бзэм и кьупхъэм ибгъэзагъэу, ар зыхуэптха уи лъэпкъгъуэхэм гузэгъэуэ епIыну!

Зыэумысыжьынщи, тхылъым уеджэху кьэдрэ кьэпIухоухэу, псым тес къазым хуэдэу, псэм «ущыдесых», умыщIэххэу мывэшхуэми ущижьэхихьэ. Ублэсыкъым хьисэпкIэ дэбдзыхрэ - усэм и купщIэм утрихауэ бжьы! АрщхьэкIэ а мывэу кьыпщыхъуа псалъэ мыцIыхум и мыцIыхьэ и мыцIыхьэ, ар зыгурымыгъаIэмэ, зыщIэнхабзэ гъащIэм и Iулыдж, Iулыдж иIэу къэгъэгурыкIуащ, апхуэдэуи жылагъуэ-политикэ, щIэнхабзэ гъащIэр и напэкIуэцIкъм жыджэру къыщигъэлъэгуащ, къыщынэмыщIауэ, сыт щыгъуи удихьхьу цIыху гъэщIэгъуэнэхэмрэ Iэщ1агъэлI зэчиифIэхэмрэ ятетхьхьащ, ноби апхуэдэщ, - жиIащ КъумпIыл Мурат.

Iэтащхьэм къыхигъэщащ «Адыгэ макъым» дяпэкIи зэрызиужьынур, щIэуэ кьежьэ Iэмэпсымэхэр и лжьыгъэм къызэрыщигъэсэбэпырыр, и щIэджыкIакIуэхэм я бжыгъэм зэрызэхъэнур и фIэщ зэрыхъур. Абы папщIэ республикэ унафэщIхэм редакцэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэрызэрагъэпэщынури жиIащ. ИкIи абы щIыгъуащ республикэ газетхэм щылажьхэхэм я улахуэм накъыгъэм зэрыхагъэхъуэнур.

«Адыгэ макъым» щылажьэ псоми Iуэху купщIафIэ къызэрырахьэлIэм папщIэ фIыщIэ ин яхуищIри, къыхэжаныкIахэм къэрал дамыгъэхэр яритащ КъумпIылым. Журналистикэм зегъэужьынымхуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «Адыгейм и щIыхь» медалыр хуагъэфэщащ Нэхей Рэмэзан, «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр фIащащ КIарэ ФатIимэтрэ Тхьэкъуахъуэ Iэдэмрэ.

Редакцэм и лжьакIуэхэм екъуэхъуащ АР-м и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ Нарожный Владимир икIи «Закон. Долг. Честь» дамыгъэмкIэ къыхаугъэщащ Лышэ Саният, редактор нэхъыщхьэ Дербэ Тимур Къэрал Советым - Хасэм и ЩIыхь тхылъкIэ хуэупсащ, Нэгъуэй Сафиет фIыщIэ тхылъ иратащ.

Газетым иIэ мыхьэнэр зыхуэдэр, «Адыгэ макъым» гъэзугаиэ дахэ къызэрикIуар, ноби зэманым декIуу зэрыбакъуэр жаIэу газетым и лжьакIуэхэм екъуэхъуащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэдэрэ** «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Уэжыкъуэрэ**.

Дербэ Тимур «Адыгэ макъым» и тхьэдэм щыщ Iыхьэхэр, нобэ и шыфэлIыфэр, нэхъапэм щылажьахэм ябгъэдэлъ фIыщIэр, нобэрей журналистхэм гу нэхъ зыльытэхэр кьыхэщу къэпсэльащ а пщыхьэщхьэм. Апхуэдэуи фIыщIэ яхуищIащ сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу кьахуэхъу республикэ унафэщIхэмрэ я Iуэху къадэзыIыгъ щIэджыкIакIуэхэмрэ.

Пшыхьэр ягъэдхащ «Налмэс», «Исльэмей», «Оштен» ансамблхэм, уэрэджыкIакIуэхэу КъуийкоскъуэСимэ, Еутых Вячеслав, Дзыбэ Мухьэмэд сымэ, нэгъэущIхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

и Iэпэр субыду утыку исщэну сыхуит къысщыхьужыну?! Ауэ сэ ар пщэрыль къысхуэзыща тхьэмадэм и псалъэкIэ адрыщI ныджэм дэту зыкъэзылъытэжым Iэр хуэсшия къудейуэ аращ, мыдрыщI къызэпрысшыну. Си щтачъыкIэ Къармэ Iэсият и вагъуэр пызгъэнэну дзыхь къысхуищIами, Хьэфыщ1э Мухьэмэд ар вагъ-Iэщ1эсхьфынкъым. Бжы, Iэсият, щтачъыр къэмыдзэ Iэщ1эслъхьэжауи, нурыбэ хуэу абы пхупиГэна уи вагъуэр!

Си гуапэщ, Iэсият, адыгэ лъэпкъ усыгъэм и псынащхьэр куэдрэ зыхъумэну уи усэхэр вагъуэбэ зэрыбыну кьытхуэблэну!

ПХЫТIЫКI Юрэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

Шатэкlэ щlа лыцlыкlулыбжьэ

Мыр былымылми мэлылми кьыхащlыкl. Лыр псы щlыlэкlэ ятхьэщl, нэхъ тыншу яупщlэтэн щхьэкlэ щlагъэгъуэщхь, г 10-12 хъуэу зэпаупщl, шыуаным иралъхьэ, псы щlыlэ щlакlэ, шыгъу хадзэри и щхьэр тепlауэ, мафlэ гуащlэм тету зэ къытрагъэкъуалъэ. Тхъурымбэр кьытрах, мафlэр цlыкlу ящl, и щхьэр трапlэри ныкъуэвэфl хъуху, псыр щlвэщlэху, ягъавэ. Лым тхъу халъхьэри кьагъэплъ и пщтырагъыр градуси 160-170-рэ хьуху, эзlащlэурэ ягъажьэ. Зы лъэныкъуэм вэгъу дахэ зэрытрищlэу зэрагъэдзэкl, бжьын упщlэта, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри, зэлащlэурэ ягъажьэ. Бжьыным дыщафэ къытеуэу щlидзэмэ, гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщlа хакlутэри, зэлащlэурэ дакъикъи 5-6-кlэ ягъажьэ, итlанэ лыр щlигъанэу шатэ щlакlэ, зэ къытрагъэкъуалъэри, мафlэ цlыкlуми тету чымчыркlэ зэлащlэурэ хьэзыр хъуху трагъэт. Абы щыгъуэ шыуаныщхьэр ныкъуэтепlэу хъэбгъанэмэ, тхъур нэхъ щlэхьыу къытредзэ. Лыбжьэр чымчыркlэ зэлащlэ, шыуан джабэри, и лъащlэри зэлъагъэlэсурэ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрах, джэдгын трагъэщащэри, шыуаныщхьэр тепlауэ дакъикъи 5-6-кlэ щагъэт. Тепщэч мычэнж дыдэкlэ lэнэм трагъэувэ. Пластэ, мырамысэ, чыржьын, мэжаджэ, щlакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цlыху lыхьэ):

лыпцlэу - г 120-рэ

псыуэ - г 100

бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 10

тхъууэ - г 20

гуэдз хьэжыгъэу - г 10

шатэу - г 250-рэ

шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуэйм хуэдизэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Теплъэгъуэ

Гъатхэпэ мазэм и кlэм щlымахуэм къигъэзэжащ. *Налшык, 2018 гъэ, гъатхэпэм и 30. Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Гъэсакlуэр зыхуэдэращ нэхъыщхьэр

Гъащlэм насыпу хэлъыр ипэкlэ укlуэтэнырщ.

Золя Эмиль, *франджы тхакlуэ.*

Щlэ гуэр плъагъунри пщlэнри гур хэзыгъахъуэ lуэхущ.

Вольтер Франсуа, *франджы узэщlакlуэ.*

Ипэкlэ мыкlуатэр къикlуэту аращ; зы пlэм ит щытыкlэ щыlэкъым.

Белинский Виссарион, *урыс философ.*

Пэжым хущlэкъунращ лlыхьжь нэсыр сыт щыгъуи зи ужь ит lуэхур.

Бруно Джордано, *итальян философ, усакlуэ.*

Библиотекэр цlыхупсэм и къулеягъ псори щахъумэ дыщэ пхъуантэщ.

Лейбниц Готфрид, *нэмыцэ философ.*

Цlыхур губзыгъуэ, зыкъзэрыгуэкlыу, пэжагъ хэлъу, хахуэу, гуапэу щытын хуейщ. Мис итlанэщ абы Цlыхукlэ уеджэну къыщиплэжьыр.

Паустовский Константин, *урыс тхакlуэ.*

Гъэсэныгъэм нэхъыщхьэу хэлъыр гъэсакlуэр зыхуэдэращ.

Писарев Дмитрий, *урыс публицист, критик.*

● Гушыlэхэр

Пщlэжрэ?

Зэкъуажэгъу щlалитlым зым адрейм щlыхуэ иритауэ зыкъом лъандэрэ къуритжьыртэкъым. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым зэхуэзауэ уэрамым здрикlуэм, и щlыхуэ зэрытелъыр аргуэру игу къигъэкlыжыну укlытэрти, жыжьэу къыщlригъэжьащ:

- Хьэбалэ, дауэ къыпщыхъурэ дунейм и щытыкlэр? Тlэкlу щlытыlэщ, пэжкъэ?

- Уэлэхьи, пэжкъэ, щытыlэщ сщlэркъыми, уаеращ.

- Пщlэжрэ, а щlыхуэ щостам щыгъуэ хуабэ лыгъейуэ зэрыщытар?

Пхъумрэ нысэмрэ

Зэныбжьэгъу цlыхубзитl зэхуэзауэ зэщlопущlэ:

- Уи хъыджэбзым дауэ къыщыхъурэ унагъуэщlэр? Яхэзагъэрэ?

- Фlы дыдэу яхозагъэ, псори игу ирохь. Хуеймэ шубл къыхащэху, хуеймэ зыгъэпсэхуакlуэ ягъакlуэ...

- Уэ уи нысэ цlыкlур сыт хуэдэ?

- Си нысэр щlэщыгъуэщlщи, гугъу дрегъэхь. Зэм шубэ къыхуэтщэхун хуейуэ къыпхуегъэувэ, зэм зыплъыхьакlуэ зэмэ къэралхэм къыщикlухьыну къытохьэ...

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Псалъэзэблэдз

***Екlуэкlыу*: 3.** Кхъуэльатэзехуэу щыта адыгэ заэлl, Соет Союзым и Лыхъужь. **5.** Щоджэнщlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Псэбэрдей-Балъкъэрым и лыжьбэ артистко. **7.** Бжьахэм я фо зэхуэхьсыпlэ. **8.** «Уи цlэр ... хьэмэ Марин?» - Тхьэбысым Умаррэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ яуса уэрэд цlэрыпlуэ. **9**. ... Iэрымылъхъэм гуащэр щумыгъэгуг. **10.** Щыуаныщхуэ. **12.** Тхьэвым ныкъхащlыкlэ шхынигъуэ, кlэртlоф, кхъуей е лы дэлъу. **14.**Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, хеящlэ. **15.** Псы зыщlэмытыж, гъущэ. **16.** Цlыху псэлъэгъуей. **18.** Уафэм къех мыл тыкъыр цlыкlу. **23.** ... и губжьыр кхъуэм щехъэ. **24.** Псэхэлъхьж. **25.** Вагъэм къыщхьэщих баxъэ. **28.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащэ цlыкlу. **30.** Кlэбэрдей тхакlуэ, усакlуэхэу Къагъырмэсым, Iутlыжым, Мэзыхьэм, Джэдгъэфым, Гъэунэм фlаща цlэ. **33.** Пасэрей адыгэ хъыбарегъащlэ. **34.** Нэчыхыхтх Iэнэм щыгъуэ я къэтэджыжьгъуэм ар къытрагъэувэ хабзэщ. **35.** Унэ, кьалэ псэупlэ. **37.** Щыпlэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **40.** Дыгъэм идз къуэпс кlыхь. **41.** Лэскэн районым щыщ къуажэ, цlыхуу дэсым я нэхъыбапlэр лъэпкъкlэ къущхьэу (осетину). **42.** Уэшх къемышхыу зэман кlыхь щыдих лъэхъэнэ. **43.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ усакlуэ Балъкъэр Фоусэт и къуажэ. **44**. Жьэум гъэгъуа.

Кхъехуу: 1. Зэрышаганащlэхэм я пэш. **2**. Зи суд ящlэм къыщхьэщыж цlыху. **3**. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **4**. Адыгэ усакlуэ цlэрыпlуэ Кlуаш ... **6**. ... Iэнэ. Е удз тхьэмпэхъуэ. **11**. Къуацэчыцэм къыпыкlэ пхъэщхьэмыщхьэ ткlыбжь цlыкlу, хъуа нэужь фlыщlэкъащхьыаэфэщ. **12**. Фэ гъэтэджа. Е ... бгырыпх. **13**. Цlыхубэ зэщыхьаитlыкlэ я зым адрейм иредз: «Уи ... кхъысщыхуэ!» **14**. ... псы кlэрыпщlэрэ? **17**. Египетым адыгэхэр зэреджэу щытар. **19**. Зи Iуэ ит нэхърэ - зи ... ит. **20**. Пхъэ уадэшхуэ. **21**. ... вауэ зи щыпавэ. **22**. Пщэдейрей ныбгъуэ нэхъыр нобэрей ... **26**. Ди хэкум и Къалэ-Пlыхьжь. **27**. Акъыл зиIэр акъылыпшэми ... **29**. Уафэм къех псыпlагъэ. **30**. Бахъсэн кьалэ администрацэм и унафэщlу щыта, Къэрал Думэм и депутат. **31**. Уи бзэгур кхъэыс шхын гуэр. **32**. Жэмтхьэлэ къыщалъхуа адыгэ генерал. **36**. Уи ... еплъи, уи лъэ укъуэдий. **38**. Адыгэ театрым и джэгуакlуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щlыхь зиIэ и артисткэ ... Быхуэ. **39**. Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкlа ... Чылар.

Гъатхэпэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***Екlуэкlыу*: 1**. Хьэлу. **3**. Нэгъуэщl. **6**. Кlэщlт. **8**. Сэхуэсэлъ. **9**. Пщlэгъуалэ. **11**. Япэ. **13**. Гъуджэ. **15**. Пхъужь. **17**. Тэн. **19**. Шэд. **21**. Кlыр. **22**. Уэд. **23**. Псыдыуэ. **24**. Уэм. **26**. Къуэн. **27**. Уэгъу. **29**. Нэд. **30**. Хущlэ. **31**. Хьэм. **32**. Анэ. **37**. Мылъхуадэ. **39**. Хьэхъупащlэ. **42**. Нащэ. **43**. Щэращ. **44**. Лыгъэ.

***Кхъехуу*: 1**. Хьэсэ. **2**. Уэс. **3**. Напэ. **4**. Гъуэ. **5**. Щlыщlэ. **6**. Кlэгъу. **7**. Тхъэм. **10**. Мыхъур. **12**. Пётр. **14**. Джэду. **16**. Пкlауэ. **18**. Нысэгъу. **19**. Шыуан. **20**. Iуданэ. **25**. Мутlэ. **26**. Къудан. **28**. Пщlий. **33**. Оман. **34**. Къудащ. **35**. Лъэпщ. **36**. Iэнэ. **38**. Хукхъуэ. **40**. Пыл. **41**. Ер.

Хъарбыз

Къаншуейкlэ зэджэ къуажэшхуэм ику дыдэм хуэзэу дыщыпсэурт. Зэкъуэш цlыкlуитlыр - сэрэ Вовэрэ - зыр илъэсиплl, адрейр тху дыхъуу арат. Пщэдджыжьым иджыри дыжейуэ, ди адэанэр лэжьакlуэ дэкlырт.

ДЫКЪЫЗЭЩЫУМЭ, десагъэхъэу езыргезыру гъуэлъыпlэм дыпlащlэу дыкъеплкlэрт, зы пщэрылъ ин гуэр дгъэзэщlэн хуейм хуэдэу. Къапщтэмэ, унагъуэ Iуэхур зи пщэ дэлъри дэрат. Джэдкъазыр гъэшхэныр, унэр зэлъыIухьныр, ди пщlантlэшхуэр пхъэнкlныр, нэгъуэщl куэди щlэн хуейти, пщыхьэщхьэ хьухукlэ абыхэм яужь диту къэджыхьырт.

Зы дакъикъэ лей диIэтэкъым. Ди унэ гупэм къыщыт щхьэл инышхуэм деж къыщыщlэддзэрти, уэрамри пщlантlэри зэщlэткъуэрт: гъуэгубгъум Iут къуацэчыцэхэр къитчырт, уэрамым жыг щlагъэхэм щрапха, гъуахъуэу тет шыд тхъэмыщкlэхэр къыкlэрыттlэтыкlыжьырт...

А зэманым ди щхьэлым гъунэгъу къуажэхэмэ, уеблэмэ нэхъ жыжьэхэми къикlыурэ цlыхухэр щыхьэжэрт. Чэзыр кьалъымысу, жащ къызытехъуи, нэху абдеж щызыгъащlэ къахэкlырт. Арати, шэджагъуэм, дыгъэр щыкъэракъэм ирихьэлlэу, къыщытхуэмылэтым деж тлъэфу, чэзым хэтурэ езэша, я адэхэм «дыкlуэжыну дыхуейщ» жраIэурэ гъыным нэса сабийхэм хъарбыз къуэлэныншхуэхэр яхуэдгъажэрти, зэтесабыгрэжьырт.

Апщlондэху щхьэхуит хьужа шыдзэм щхьэл гупэм зэрыхьэзрий къыщагъэхьурт. Дэ а Iуэхум щыкlэ дыхэмылlыфlыхьа хуэдэ, зэкъуэшитlыр Курп псы ежэхым дыдэлъэдгъажьырти, дыгъэм къигъэплъыну хунэса псы утхъуа цlыкlум дыззрызехьэу зыхэдзэрт. Иужькlэ псы Iуфэм Iуищlыхьа сабсэтl щыIэтыIэм зыщыдгъэупщlыжьырт.

Дрикъуху дыджэгуа нэужь, дыкъызэрымэжэлар зыхэтщlэ щыхъэм, унэм деклуэпlэкlырт. Къыщыдгъэзэжкlэ мащlэри дыкъуейщlейрэт дэ?! Гъунэгъуэхэм я пхъэ куэбжэхэр Iудгъэуэзщlыкlыртти, танэхэр, хывышкlэ цlыкlухэр, абыхэм хьэхэр банэу яужь ity, къызэрыдзэхырт, псыхъуэм зэрыхьырт.

Унэм дыкъызэрысыжу джэдэщыбжэхэр Iутхырти, джэджьеймрэ гуэгушымрэ пщlантlэм къыдзутlыпщхьэрт, «хуит дыхъуа закъуэ!» жыхуаIэу, хэт хадэм илъэдэнт, языныкъуэхэми, дыгъэ гуащlэмрэ гъудэбадзэмрэ зыщхьэхъумэу, жьауапlэ здэщыlэ къуацэ-чыцэхэм, кlарц жыг лъабжьэхэм зыщlадзэнт.

... Дызэрызехьэурэ а махуэм гу лъытатэкъым ди ныбжьэгъу Пlытlатlэрэ ди къуэш цlыкlуитI Сэлэдинрэ Зауррэ псыхъуэм нызэрымыкlуам. Iуэхур зытетыр зэхэдгъэкlыну дыщыжэм, ахэр зэрыкъуейщlеям къыхэкlыу я адэ-анэхэм унэм щlаубыдауэ зэрыщlэсыр къэтщlащ. Пlытlатlэрэ и анэмрэ щыпсэуэр ятlэ чырбышкlэ ящlауэ щыта зы унэ кхъаэ цlыкlут. Абы Iункlыбзэ къэби хэлътэкъыми, и анэр лэжьакlуэ щыкlуэм унэбжэм баш пэщlигъэкъуауэ арат. Куэдрэ дыпэрытакъым: щэхуу пщlантIэм дыдыхьэри, пlытlатlэ щхьэхуит къэтщlыжащ. Нэхъ гугъур къытпэщылът. Сэлэдинрэ Зауррэ щыпсэу унэщlэр инышхуэт икlи пут и хьэлъагъэшнщ жьыпlэну Iункlыбзэ къэбшхуэ фlэдзэжат. Iункlыбзэлухьар умылъэмэ, укъэсыжат.

Арщхьэкlэ дэ дынэхъ бзаджэжти, пхъэ пкlэльэфр зэпэтlыгъэу къэтлъэфри, унэм кlэрыдупсеящ, кlэлындор кlыхьым хуэзэ щхьэгъубжэм и гъунэгъу. Сыдэкlуейри щхьэгъубжэ пlлимэ нэхъ цlыкlур Iуэгъэузэщlыкlри сыщlэпщхьащ, апхуэдэ дыдэу ди ныбжьэгъухэр абыкlэ къыщlэтщри, щхьэгъубжэр здыхуэтщlыжащ.

Ди гупыр ирикъужат иджы. Щlалитхум тщlэн дгъэтынтэкъэ?! Здыхабзэу, джэдкъазырэ Iэщыирэ зэрамым дзэдтIыпщхьэрт, гъунэгъухэм я хадэхэм къыхэжа къудей я пхъыр, къэбистэр, бжьын цlынэхэр Iисраф ящlу.

Пщыхьэщхьэхукlуэ хъуауэ мурад тщlащ кьуажэм зы километркlэ пэжыжьэ хъарбыз хьэсэм дыкlуэну. Жэщ къыттехъуэнкlэ зэрыхъунум зыри егупсысакъым. Къаш шырхэмрэ шкlащlэхэмрэ удз цlынэ къэзрыхуэтщэ гу цlыкlур здетшэжьащ.

Хъарбыз хьэсэм дынэсыху жащ къыттехъащ. Дунейр къигъэнхуу уафэм мазэ хъуреишхуэ къитIысхьат, вагъуэ цlыкlу минхэр зэщlэпщlыпщlэрт. Сабэ гъуэгур абыхэм къытхуагъэнэхуу дыкlуэцlрокl. Ди хъуреягъкlэ цlыр-цlырхэмрэ шэдым хэс хьэндыркъуакъуэхэмрэ я макъхэм фlэкlа, псэ зыIут нэгъуэщl зыри щыIэтэкъым. Адэкlэ-мыдэкlэ Iэгъуэ жьындуэр кхъэплъ, укъагъэшынэжу. Пщlэнтlэпсыр еткъуэкlыу, жэщ ныкъуэм дынэсащ хьэсэм.

Хуиту ди закъуэу губгъуэм дызэритым щхьэкlэ, дызыщlэмыгупсысыжу Iэуэлъауэшхуэ къэдгъэхъурт. Хъарбыз хьэсэм дыщыхьихьэм, хьумакlуэ лlыжьым бийр кхъоблагъэ къыфlэщlщ, гужьейри, фочыр игъауэурэ Iуащхьэм дэжри, къуакlэбгыкlэм зыкъуигъэнщlуащ. Абы фlэкlа хэмылъу, бгым кърилъэсэхъыу лъакъуэ гъэувыпlэ имыIэжу губгъуэм щрикъухьа фlэкlа умыщlэну, ди пащхьэм илъ хъарбыз къуэлэныншхуэхэм щыщ тыншу ди гу цlыкlум кьихуэр дыхэмащlэгъаэри, дыкъыззэрыкlуа гъуэгум дытеувэжащ.

Нэхулъэр къызэкlэщlитхъырт. Ихъуреягъкlэ даущынщэщ, жэщым зыри къэмыхъуа хуэдэт. Къару лъэпкъ тхэмылъыжу, псоми ди щхьэр къыфlэхуауэ зыр адрейм иужь ity лъагъуэ псыгъуэм дрикlуэрт. Пщэдджьжьыпэм къызэщlэуша уэгунэбзэум я уэрэдыр къызэрытхурашим. Нэхъ лейуэ дыкъигъэнэжагъуэртэжкlэ, Къуэкlыпlэмкlэ щlыпlпу дыгъэр кхъыкъуэпlпыну хунэсащ. Цlыхуэм я Iэщыр хъупlэм къыщыдахум ирихьэлlэуи кхуажэм дыкъэсыжащ.

Унэм дыдэмыхьэж щlыкlэ ди хъыбарыр япэ иту кхъэIуат. Кхъэзэрыщlэкlамкlэ, хьумакlуэ лlыжьыр апхуэдизкlэ дгъэшынати, дэ хъарбызыр кьетлъэфэкlыхуэкlэ езыр къэсэжри, нэмыцэхэр жащьбгъым кхытеуэу хъарбызыр ягъэхуэхуэжауэ жиIэу хуэжам дэпъэдат. Арщхьэкlэ псоми къагурыIуат Iуэхур зытетыр.

Ди адэ-анэм зэи унэм дыщlаубыдэну иужь ихьэртэкъым, сыту жыпlэмэ ящlэрт, дауэ дымыщlами дыкъызэрыщlэкlуэсыкlыжьынур. Ауэ абы ямыщlэр зыт: IункlыбзэIух лейр абыхэм зэращlыдгъэпщlкlурт. Апхуэдэ Iэмалыр щытхэмызагъэм, дахэкlэ дагъэIущмэ яфlэкъабылу къыздапсэлащ, нэхъыжьхэм дедэIуэн зэрыхуейм, дызэрымыкъуейщlеиныр дыщlаГъэдэIуащ. Я унафэ хэмылъу дяпэкlэ зыщlыпlи дызэрамыутыпщынур хьэкъыу тпхагъэкlат.

Махуэ псом дыкъэпlэтlэуакъым, ди жейр иридгъэкъужьыху. Нэхъыжьхэр куэдрэ дгъэдыхьэшхыжащ сабийхэм зыщlзыгъэпщкlуа хьумакlуэ лlыжьым къыщыщlаг жытIэжьхункlэ. Ауэ гъунэгъу щlалэ цlыкlуэм я кlэн къикlатэкъым: ахэр унэхэм щlаубыдэри, ар я тезыру махуэ зыбжанэкlэ щlагъэсат.

Ильэс куэд дэкlакъэ абы лъандэрэ?! Сабиигъуэ дахэ диIащ. Иджы дэ езыр дадэ дыхъужащи, дызэхуэзэхукlэ хъарбызыхьэ дызэрыкlуар Iэмал имыIэу ди гум къокlыж.

КIЭРАШЭ Михаил.

Леонардо да Винчи

ЩИХУ

Щихур адрей жыгхэм нэхърэ нэхъ псынщlэу къызэрыкlыр псоми ящlэ. Абы къыдэжахэр, ихъуреягъкlэ щыIэ къэкlыгъэ псоми ящхьэщыкlыу, гу лъыптэу дожей. Зэгуэр щиху жыгыщlэм гъащlэ гъусэ ищlыну игу къихьэри, арыххэуи жызым къуэпсым нэ иришащ.

- Сыт теПъыдджэлажьэ уи щхьэ къихьар?! - къагъэдзlуэну хэтхэт и къуэшхэм. - Мы жызым къуэпсым уригъусэмэ, бэлыхь Iэджэм уэхэуэнущ. Сыткlэ ухуей абы? Дэ ди Iуэхур - дыдэкlеину аращ. Ауэ щиху ерыщыр езым иукъуэдиям текlакъым. Фlылъагъуныгъэ гущlэм игъэщэнуэр хьэщыкъ зыхуэхъуа жызым къуэпс ныбжьыщlэм зыпищlэри, егъэлеяуэ щыгуфlыкlыжу хуит ищlащ нэхъ быдзу зыкъришэкlыну. Щlэгъэкъуэн быдэ къыщыlэрыхьэм, жызым къуэпсым псынщlэ дыдэу зэбгрыкlыкlыу щlидзащ, жызым Iэрамэшхуэхэри къыпыкlэ хъуащ.

Жызым къуэпсым, жыг лъэдийм быдэу зришэкlауэ, фlыуэ зыщиужьым, абы гу лъызыта мэкъумэщlыщlэм, ар жыгым лъагэу дримыгъэжеин, хъуа нэужь жызымыр нэхъ тыншу къыпихьжыфыр щхьэкlэ, гъатхэкlэрэ щихум и къудамэхэр, къыдэж къэпсэхэр пиупщlу щlидзащ. Арати, - куэдрэт? - щихум иIа тепlъэ зэкlужьыр щыIаи-щымыIаи? Зэпэхъурей хъуащ, и гуащlэр фlэкlуэдащ. Арыххэуи Iэсэ хъуащ. И къудамэхэр пыгъэщагъэ кlагъуэу щытщ ар, жызым куэд къызыпыкlэ и гъащlэ гъусэм и лlыщlэ-щlэгъэкъуэну. Щихум и къуэшхэр-щэ? Абыхэм, я къудамэ Iуэхэр лъагэу зекlеIуэ, я тхъэмпэхэр ягъэджэгуу, зыри къаф1эмыIуэхурэ тхъэжьыгъуэр яIэу уафэм хосых.

Зэзыдзэкlар **ХЬЭТУ Пётрщ.**

● Псалъэ шэрыуэхэм къарыкlыр

Къаплъэ нэхърэ - къиплъ

Бгъэплъыщlэмэ, мывэри зэгуоуд.

Гугъуехь зэпытым, гуауэм, н. къ. и пlэ кърашыфынущ, къагъэгубжьыфынущ я нэхъ Iэдэб, зэтет, тэмакъкlыхь дыдэ цlыхури. Зыгуэрым шыIэнигъэу иIэр ихуауэ афlэкlа хээмыхьыжу къыщыщидым дех къапсэлъ хабзэщ.

Къуийм и щlыIу гуэрэф.

Зы пажьэм нэгъуэщl лажьэ къытехъуащ.

Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ.

Зэкъуэтынигъэр къаруушхуэу зэрыщытым теухуащ.

Мэкъумылэр мащlэмэ, шкlащlэр шхэрей мэхъу.

Шхыныр щымащlэм деж цlыхур мэгужьей, нэхъ шхэнигъу хъу хабзэщ.

Къаплъэ нэхърэ - къиплъ.

Зыми укъмыIылъагъу у ущигугъэжми, зыгуэрым и нэ укъыфlонэ.

Пщыхьэщхьэ акъылым нэхърэ - пщэдджьжь акъыл.

Пщэдджьжьым псори нэхъ гъэбелджьыла, убзыхуа хъункlэ гугъэу Iэхум и унафэр пщэддджьжь пщlондэ щагъэтIылъым деж къэпсэлъ хабзэщ.

Цlыхуфl и тхьэкlуэ дзэгуф.

Зэмыдзэуэн едаIуэркъым, зэхимыхьэ зэхихыркъым.

ЩАУЭ Къэлидар.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элдэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кхъуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэ-дзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епlыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютеркlэ гъэтым и тепlэр ящlащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ траддэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.139 ● Заказ №326